



DIREKTIV PWOVIZWA POU GRAN ESPAS EVÈNMAN PÈFÒMANS ATISTIK AK DIVÈTISMAN YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka afime nan espas ki anba a.

Apati 7 avril 2021

Objektif

Yo te elabore Direktiv Pwovizwa pou Gran Espas Evènman Pèfòmans Atistik ak Divètisman yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 sa a ("Direktiv Pwovizwa COVID-19 pou Gran Sit Pèfòmans Atistik ak Divètisman yo") pou bay operatè/pwopriyetè gran espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo, ak ekip pwodiksyon yo, ak anplwaye yo, ki gen ladan anplwaye ki travay sou sèn (front-of-house, FOH) oswa nan koulis yo (back-of-house, BOH), atis/talan yo, kontraktè yo, vandè yo, ak kliyan yo prekosyon yo dwe pran pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 pandan espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman an dirèk yo ap reouvri pou kliyan yo vin patisipe an pèsòn.

Pou zafè ki konsène direktiv sa a, "pèfòmans atistik ak divètisman" gen ladan tout aktivite k ap antreprann nan kad preparasyon, pwodiksyon, pratik, ak prezantasyon pèfòmans an pèsòn ak divètisman an dirèk yo ki gen ladan men pa sèlman mizik, dans, opera, teyat, komedi, ak lòt pèfòmans teyat oswa atistik odyo ak/oswa vizyèl k ap fèt devan espektatè k ap swiv li an dirèk (pa egzanp, pyès teyat, komedi mizikal, konsè, konferans, ak diskou yo).

Sitou, direktiv sa a aplike pou tout evènman ki itilize tikè oswa ki pa itilize tikè pou antre ladan, kote espektatè yo chita ak kanpe pandan pèfòmans ak divètisman an dirèk ki òganize nan espas evènman piblik oswa prive ki gen yon kapasite pou kenbe plis pase 1,500 patisipan anndan ak/oswa kapasite pou kenbe plis pase 2,500 patisipan deyò. Evènman pèfòmans ak divètisman an dirèk k ap fèt nan espas evènman anndan ki gen kapasite total pou kenbe mwens ke 1,500 patisipan yo, ak espas evènman deyò ki gen kapasite total pou kenbe mwens ke 2,500 patisipan yo, dwe swiv direktiv Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la preskri nan dokiman "[Direktiv Pwovizwa pou Espas Evènman Pèfòmans Atistik ak Divètisman Piti ak Mwayen yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Small and Medium Scale Performing Arts and Entertainment Venues during the COVID-19 Public Health Emergency).

An vigè apati jeudi 1ye avril 2021, gran espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo ka reouvri annakò ak direktiv sa a. Jan yo dekri anba la, espas evènman anndan yo ka reouvri a 10% kapasite epi espas evènman deyò yo ka reouvri a 20% kapasite, san konte anplwaye yo, talan/atiz yo, kontraktè yo, ak vandè yo, depi tout patisipan yo montre prèv rezilta yon tès dyagnostik COVID-19 ki negatif oswa prèv yo te pran tout dòz vaksen yo nèt avan yo antre. Yo pral egzije tout patisipan yo pou yo swiv distans sosyal ak mete kachnen, ansanm ak respekte tout egzijans yo ki nan direktiv sa a estrikteman.

Dapre direktiv sa a, gran espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo ki gen kapasite anndan oswa deyò pou kenbe 10,000 patisipan oswa plis ka akeyi pèfòmans oswa evènman lè yo redui kantite espektatè yo. Avan espas sa yo ka akeyi pèfòmans oswa evènman ak espektatè, yo dwe soumèt yon plan pou espas la ak evènman an nan DOH, ki gen ladan mezi ak/oswa resous presi ki gen an plas pou satisfè nòm yo ki preskri nan direktiv sa a an rapò ak tès/vaksinasyon/depistaj sante, distans sosyal, kachnen, depasman kontwòl, ijyèn men, netwayaj ak dezenfeksyon, ak kominikasyon. Apre DOH fin resevwa plan pou espas la ak evènman an, yo ka mande enfòmasyon anplis ak/oswa yo ka fè yon enspeksyon sou lèlye oswa a

distans avan yo apwouve demann pou akeyi pèfòmans avèk espektatè yo. Si gen chanjman materyèl ki fèt nan plan pou espas ak evènman an, yo dwe soumèt yo ankò pou revizyon. Pou chak evènman, espas evènman yo dwe soumèt detay evènman an bay DOH omwen 5 jou avan dat evènman an, epi detay sa yo dwe gen ladan men pa sèlman (1) enfòmasyon pou kontakte Pati Responsab yo, (2) non evènman an, (3) adrès evènman an, (4) dat ak lè evènman ap fèt la, (5) kantite tan yo estime evènman ap dire, (6) kantite espektatè yo prevwa, ak (7) kantite anplwaye yo prevwa ki pral travay nan evènman an, ki gen ladan anplwaye espas evènman an yo, kontraktè yo ak vandè yo.

Gran espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo ki gen kapasite anndan pou kenbe ant 1,500 a 9,999 patisipan oswa kapasite deyò pou kenbe ant 2,500 a 9,999 patisipan ka akeyi pèfòmans oswa evènman lè yo redui kantite espektatè yo. Avan espas sa yo ka akeyi pèfòmans oswa evènman avèk espektatè, yo dwe soumèt yon plan pou espas la ak evènman nan depatman sante konte oswa otorite sante piblik lokal yo, ki gen ladan mezi ak/oswa resous presi ki gen an plas pou satisfè nòm yo, ki preskri nan direktiv sa a, an rapò ak tès/vaksinasyon/depistaj sante, distans sosyal, kachnen, deplasman kontwole, ijyèn men, netwayaj ak dezenfeksyon, ak kominikasyon. Apre fonksyonè sante lokal yo fin resevwa plan pou espas la ak evènman an, yo ka mande enfòmasyon anplis ak/oswa yo ka fè yon enspeksyon sou lèye oswa a distans avan yo apwouve demann pou akeyi pèfòmans avèk espektatè yo. Si gen chanjman materyèl ki fèt nan plan pou espas ak evènman an, yo dwe soumèt yo ankò pou revizyon. Pou chak evènman, arèn, estad, ak lòt espas evènman yo apwouve, yo dwe soumèt detay evènman an bay otorite sante lokal yo omwen 5 jou avan dat evènman an, epi detay sa yo dwe gen ladan men pa sèlman (1) enfòmasyon pou kontakte Pati Responsab yo, (2) non evènman an, (3) adrès evènman an, (4) dat ak lè evènman ap fèt la, (5) kantite tan yo estime evènman ap dire, (6) kantite fanatik oswa espektatè yo prevwa ap vin nan evènman an, ak (7) kantite anplwaye yo prevwa ki pral travay nan evènman an, ki gen ladan anplwaye espas evènman an yo, kontraktè yo ak vandè yo.

Nan moman piblikasyon direktiv sa a, pèfòmans anndan avèk espektatè ki kanpe yo rete entèdi eksepte kèk eksepsyon jan yo dekri anba la nan Seksyon I an. "Moun yo", Souseksyon C. "Aktivite Operasyonèl." Pou espas evènman anndan ki gen syèj fleksib yo oswa ki pa gen syèj yo (pa egzanp espas evènman mizik oswa klèb yo), espas evènman sa yo ka reouvri si yo ofri espas pou tout kliyan yo chita epi yow respekte direktiv yo ki dekri nan dokiman sa a, ki gen ladan egzijans pou tout kliyan yo rete chita pandan pifò tan pèfòmans lan oswa evènman dire a, sof si espas evènman sa yo satisfè kritè limite ki pèmèt yo kite espektatè yo kanpe.

Gran espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo ka gen ladan yo divès aktivite epi pwopriyetè/operatè espas evènman sa yo ta dwe konsilte direktiv DOH preskri pou endistri presi ki konsène yo, kote sa aplikab. Prezizeman, nenpòt travay moun fè nan biwo dwe fèt annakò ak, "[Direktiv Pwovizwa pou Aktivite Travay Ki Fèt nan Biwo yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Office-Based Work during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Nenpòt konstriksyon (pa egzanp sèn tanporè yo) dwe fèt annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Aktivite Konstriksyon yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Construction Activities during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Nenpòt aktivite ki konsène swen cheve, makiyaj, oswa aktivite kosmetik y ap fè pou atis/talan yo k ap fèt nan espas evènman an dwe fèt annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Salon Bote ak Kwafè yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Hair Salons and Barbershops during the COVID-19 Public Health Emergency) ak "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Swen Pèsonèl yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Personal Care Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la, respektivman. Anplis de direktiv sa a, nenpòt aktivite pwodiksyon medya (pa egzanp, difizyon, anrejistreman) ta dwe konsilte dispozisyon ki aplikab nan "[Direktiv Pwovizwa pou Pwodiksyon Medya yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Media Production during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la; depi, toutfw, yo ka resevwa espektatè an dirèk (pa egzanp espektatè pwogram televizyon oswa pwogwam yo filme nan estidyo yo) ka fèt selon pwotokòl ki preskri pou kapasite, tès/vaksinasyon/depistaj sante, distans sosyal, kachnen, deplasman kontwole, ijyèn men, netwayaj ak dezenfeksyon, ak pwotokòl kominikasyon ki dekri ak obligatwa nan dokiman sa a.

Anplis, nenpòt magazen vant an detay oswa magezen kado dwe fonksyone annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Aktivite Biznis Lavant an Detay ki Esansyèl epi ki nan Faz II yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Essential and Phase II Retail Business Activities during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Restoran yo, bar yo, ak/oswa konsesyon yo dwe fonksyone annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Manje yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) oswa "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Manje Vil New York ki nan Espas Anndan yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for New York City Indoor Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la jan sa aplikab; depi, toutfwa, nenpòt kote direktiv sa a klèman aplike nòm sèvis manje ki pi estrik yo, Pati Responsab yo dwe respekte nòm sa yo.

An jeneral, pèfòmans san tikè ki lye yo ki dewoule nan fason pasiv, sa vle di se pa pou yo kliyan yo prensipalman vin nan espas evènman oswa etablisman (pa egzanp, ekspozisyon, restoran ki gen mizik k ap jwe) yo dwe swiv direktiv apa (pa egzanp direktiv pèfòmans atistik ak divètisman, ak sèvis manje deyò ki gen risk fèb yo) men yo ta dwe respekte direktiv sa a kote l aplikab pou aktivite yo ak fonksyonman yo. Anplis direktiv sa a, pèfòmans oswa ekspozisyon "tanporè" san tikè ki fèt deyò yo ka swete konsilte "[Direktiv Pwovizwa pou Pèfòmans Atistik ak Divètisman Deyò ki gen Risk Fèb yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Low-Risk Outdoor Arts and Entertainment during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Tout lòt pèfòmans san tikè ki lye yo ki dewoule nan fason aktiv, sa vle di se pou yo menm kliyan yo vini nan yon espas defini a yon lè defini pou l kòmanse ak fini kote ka gen chans pou espektatè yo rasanble an foul san distans sosyal apwopriye ak/oswa rasanble plis moun pase limit sou rasanbleman sosyal la preskri (pa egzanp, chantè solis yo, gwoup djaz yo, oswa lòt atis k ap pèfòme nan espas piblik yo) dwe swiv direktiv DOH preskri nan "[Direktiv Pwovizwa pou Espas Evènman Pèfòmans Atistik ak Divètisman Piti ak Mwayen yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Small and Medium Scale Performing Arts and Entertainment Venues during the COVID-19 Public Health Emergency).

Direktiv sa a pa aplike pou lòt aktivite atistik, divètisman, ak kiltirèl yo, ki gen ladan men pa sèlman sal sinema yo, mize yo ak akwaryòm yo, oswa jaden botanik yo ak zou yo. Sal sinema yo dwe fonksyone annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Sal Sinema yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Movie Theaters during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Mize yo, akwaryòm yo, ak galri atizay yo, ak lòt espas evènman atistik ak divètisman anndan ki gen risk fèb yo nan rejyon deyò Vil New York yo dwe fonksyone annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Pèfòmans Atistik ak Divètisman Anndan ki gen Risk Fèb yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Low-Risk Indoor Arts and Entertainment during the COVID-19 Public Health Emergency) epi sila ki anndan Vil New York yo dwe fonksyone annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Pèfòmans Atistik ak Divètisman Anndan ki gen Risk Fèb yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Low-Risk Indoor Arts and Entertainment in New York City during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la. Jaden botanik yo, zou yo, ak lòt evènman atistik ak divètisman deyò ki gen risk fèb yo dwe fonksyone annakò ak "[Direktiv Pwovizwa pou Pèfòmans Atistik ak Divètisman Deyò ki gen Risk Fèb yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Low-Risk Outdoor Arts and Entertainment during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la.

Direktiv sa yo se egzijans minimòm yo ye sèlman epi pwopriyetè/opraterè nenpòt espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman oswa pwodiksyon lib pou yo fè pran plis prekosyon oswa ajoute plis restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan yo defini anba la – responsab pou yo respekte tout egzijans lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak pèfòmans atistik ak divètisman yo. Anplis, Pati Responsab yo ta dwe konsilte direktiv aplikab Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a preskri yo, tankou "[Direktiv pou Òganize Gran Evènman ak Gran Rasanbleman yo](#)" (Guidance for Organizing Large Events and Gatherings). Pati Responsab yo dwe rete okouran de nenpòt mizajou ki fèt

nan egzijans sa yo, ansanm ak enkòpore yo kòm sadwa nan plan pou espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo ak pwodiksyon yo ak/oswa nenpòt plan sekirite yo elabore pou sit la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye "Dekrè Egzekitif 202" a, ki deklare yon katastwòf ijans nan eta an repons a ijans sante piblik COVID-19 la. Depi 15 me 2020, Eta New York te devlope ak deplwaye yon estrateji reyouvèti ekonomik pa faz ki baze sou lasyans ak done, sa ki te pèmèt deseri endistri presi reprann oswa ogmante aktivite yo ak operasyon yo nan fason sekirite pandan y ap pwoteje sante piblik pandan pandemi COVID-19 la.

Anplis de nòm ki annapre la yo, tout espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman yo ak pwodiksyon dwe kontinye respekte enstriksyon ak direktiv DOH preskri yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp ak an sekirite.

Tanpri sonje ke kote direktiv ki nan dokiman sa a diferan de lòt direktiv ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye, yo dwe aplike direktiv ki pi resan an.

Nòm ki Preskri pou Gran Espas Evènman Pèfòmans Atistik ak Divètisman yo ak Pwodiksyon yo nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite ki ka fèt nan gran espas evènman pèfòmans atistik oswa divètisman oswa nan gran pwodiksyon pèfòmans atistik oswa divètisman an dirèk yo san yo pa ranpli nòm minimòm Eta preskri yo, ansanm ak egzijans federal ki aplikab yo, ki gen ladan men pa sèlman nòm minimòm Lwa an Favè Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), nòm Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman tal la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Etazini an (Department of Labor, DOL) preskri yo.

Nòm Eta a preskri yo ki nan direktiv sa a aplike pou tout aktivite k ap fèt nan yon gran espas evènman pèfòmans atistik oswa divètisman ak pwodiksyon yo, ansanm ak pèfòmans san tikè ki lye yo ki fè gen chans pou gen foul/rasanbleman espektatè, pandan ijans sante piblik CoVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo. Pou tout aktivite k ap fèt nan espas evènman pèfòmans atistik ak divètisman epi anndan pwodiksyon pèfòmans atistik oswa divètisman yo, pwopriyetè/operatè espas evènman oswa pwodiksyon an, oswa yon lòt pati jan pwopriyetè/operatè espas evènman oswa pwodiksyon an (kèlkeswa ka, "Pati Responsab yo"), dwe responsab pou yo satisfè nòm sa yo. Pou tout pèfòmans san tikè ki lye k ap fèt nan espas piblik yo ki fè gen chans pou gen yon foul/rasanbleman espektatè, pati k ap aplike pou pèmi pou evènman an oswa k ap reyalize pèfòmans lan ("Pati Responsab yo"), pral responsab pou yo respekte nòm sa yo. Kote espas evènman ak pwodiksyon pèfòmans atistik oswa divètisman yo pataje responsablite pou satisfè nòm sa yo pou yon pèfòmans oswa evènman presi, espas evènman (yo) ak pwodiksyon (yo) k ap patisipe yo dwe dokimante kòman y ap divize responsablite yo nan fason pou asire yo respekte egzijans yo ki nan direktiv sa a.

Piske espas evènman ak pwodiksyon pèfòmans atistik oswa divètisman yo mande pou gen divès kalite moun k ap travay ansanm, tankou anplwaye pwodiksyon yo (pa egzanp pwodiktè yo, reyalizatè yo, chèf òkès yo, koregraf yo), anplwaye ban devan yo (pa egzanp manadjè espas yo, anplwaye sekirite yo, moun k ap kolekte tikè yo, plasè yo), anplwaye nan koulis yo (pa egzanp manadjè sèn yo, machinis sèn yo, makiyè/ez yo, responsab degizman yo, teknisyen yo), kontraktè yo, ak vandè yo, dokiman sa a pral sèlman rele tout moun espas evènman oswa pwodiksyon an anboche oswa kontrakte jan sa nesèsè pou pèfòmans

oswa divètisman an dirèk yo "anplwaye yo" oswa "anplwaye evènman yo", eksepte atis/talan yo ak kliyan yo ke yo itilize lòt mo pou dekri yo nan direktiv sa a.

Yo repati direktiv ki annapre la an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Pou espas evènman ki anndan yo:
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo redui kantite kliyan ki patisipe nan nenpòt evènman k ap fèt nan espas anndan pou swiv yon pèfòmans oswa yon evènman a pa plis pase 10% kapasite maksimòm pou moun chita pou yon espas evènman ki gen syèj fiks oswa 10% kapasite maksimòm pou yon espas evènman ki gen syèj fleksib selon kantite ki nan sètifika okipasyon an, san konte anlwaye yo ak atis/talan yo.
 - Tout kliyan k ap patisipe yo dwe montre prèv rezilta tèst dyagnostik COVID-19 resan ki negatif oswa prèv yo te pran tout dòz vaksen an, jan yo dekri anba, nan Seksyon III. "Pwosesis," Souseksyon A "Depistaj ak Tès," si prezans kliyan nan yon pèfòmans oswa evènman depase limit maksimòm sou rasanbleman sosyal Eta preskri a, ki se 100 patisipan anndan, apati 2 avril 2021.
 - Pou espas evènman ki anndan yo ki pa gen syèj fiks oswa fleksib disponib pou kliyan yo chita men ki gen ase espas yo deziyen pou kliyan yo gade, Pati Responsab yo dwe redui kantite espektatè ki ka swiv nenpòt pèfòmans oswa evènman a pa plis pase 10% kapasite maksimòm espas ki disponib pou kliyan yo gade evènman an (sa vle di apeprè 100 pye kare pa kliyan oswa 250 pye kare pa gwoup ki gen 4 kliyan). Tout kliyan k ap patisipe yo dwe montre prèv rezilta tèst dyagnostik COVID-19 resan ki negatif oswa prèv yo te pran tout dòz vaksen an.
- Pou espas evènman ki deyò yo:
 - Pou zafè ki konsène direktiv sa a, yo defini "espas evènman deyò yo" kòm espas anplennè yo ki fèt pou oswa yo itilize pou moun gade evènman pèfòmans atistik ak divètisman an dirèk yo (pa egzanp, teyat anplennè ki gen enstalasyon anèks yo, anfiteyat ki gen syèj fiks yo, anfiteyat ki gen syèj fleksib yo, paviyon yo, sèn anplennè an fòm kokiy yo, gran tribin yo), ki ka gen yon twati tanporè oswa fiks (pa egzanp ovan, twati) depi twati sa a gen omwen de bò ki ouvri pou van pase. Pou yon bò ka ouvri pou van pase a, omwen 50% espas bò sa a dwe ouvri nenpòt lè gen pèfòmans oswa evènman k ap fèt oswa lè kliyan yo sou pwopriyete a. (Pòt fiks ki ouvri ak fèmèn pou antre-sòti nan espas anplennè a pa konte kòm yon espas ki ouvri pou lè pase.) Si yo separe, lè gen yon twati akote lòt ki gen bò ouvri epi youn anfas lòt, twati sa yo dwe gen yon distans sis pye ant yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo redui kantite kliyan ki patisipe nan nenpòt evènman k ap fèt nan espas deyò pou swiv yon pèfòmans oswa yon evènman a pa plis pase 20% kapasite maksimòm pou moun chita pou yon espas evènman ki gen syèj fiks oswa 20% kapasite maksimòm pou yon espas evènman ki gen syèj fleksib selon kantite ki nan sètifika okipasyon an (si l disponib), san konte anlwaye yo ak atis/talan yo.
 - Tout kliyan k ap patisipe yo dwe montre prèv rezilta tèst dyagnostik COVID-19 resan ki negatif oswa prèv yo te pran tout dòz vaksen an, jan yo dekri anba la, si prezans kliyan nan yon

pèfòmans oswa evènman depase limit maksimòm sou rasanbleman sosyal Eta preskri a, ki se 200 patisipan deyò, apati 2 avril 2021.

- Pou espas evènman ki deyò yo ki pa gen syèj fiks oswa fleksib disponib pou kliyan yo chita men ki gen ase espas yo deziyen pou kliyan yo gade, Pati Responsab yo dwe redui kantite espektatè ki ka swiv nenpòt pèfòmans oswa evènman a pa plis pase 20% kapasite maksimòm espas ki disponib pou kliyan yo gade evènman an (sa vle di apeprè 100 pye kare pa kliyan oswa 250 pye kare pa gwoup ki gen 4 kliyan). Tout kliyan k ap patisipe yo dwe montre prèv rezilta tèst dyagnostik COVID-19 resan ki negatif oswa prèv yo te pran tout dòz vaksen an, epi dwe gen yon distans omwen sis pye ant kliyan ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi yo. Anplis, si Pati Responsab yo prevwa ke kliyan yo pral ret kanpe pandan tout oswa pandan pòsyon pèfòmans oswa evènman an, kidonk, dwe gen yon pi gran distans ki plis pase sis pye (pa egzanp, uit oswa nèf pye) ant kliyan yo ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi.
- Pati Responsab yo dwe asire ke y ap otorize tout moun, ki gen ladan anplwaye yo, atis/talan yo, ak kliyan yo antre nan espas evènman an sèlman si yo mete yon kachnen ki akseptab toutan; depi moun nan gen plis pase dezan epi li pa gen pwoblèm medikal ki anpeche l tolere yon kachnen konsa. Moun yo ka retire kachnen yo pou yon ti tan lè yo chita nan yon syèj/espas yo ba yo chita pou yo manje oswa bwè. Anplis, atis/talan yo ka retire kachnen yo pou yon ti tan pandan pèfòmans yo, repetisyon yo, ak lòt entèraksyon k ap fèt sou sèn yo, oswa lè li ka entèfere ak yon aktivite prensipal, tankou cheve, makiyaj, gadwòb. Atis yo dwe remete kachnen yo kou li pratik pou yo fè sa apre yo fin fè aktivite sa yo.
 - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen ladan men pa sèlman kachnen an twal pou kouvri figi ak mask jetab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
 - Toutfwa, kachnen moso twal, ki jetab, oswa lòt kachnen ki fèt lakay yo pa kachnen ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki jeneralman mande pou gen byen plis pwoteksyon pa mwayen ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, yo dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt PPE yo konn itilize selon nòm aktyèl endistri a, annakò ak direktiv OSHA preskri yo.
 - Yo dwe aplike egzijans kouvèti vizaj la nan yon fason ki konsistan avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (American with Disabilities Act, ADA) federal la ak Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) nan Eta ak Vil New York, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye ak atis/talan yo rete nan distans sis pye ant yo tout toutan yo nan lokalite evènman ak pwodiksyon yo (pa egzanp espas kolektif yo, sal datant yo, espas ekipman yo), amwenske sekirite oswa aktivite prensipal la mande pou gen mwens distans.
 - Depi aktivite ak fonksyon prensipal yo (pa egzanp, vwayaj, gadwòb, cheve, makiyaj, ak pèfòmans) ka mande pou anplwaye yo ak/oswa atis/talan yo vin nan yon distans sis pye youn ak lòt, Pati Responsab yo dwe idantifye aktivite ak fonksyon sa yo, epi mete pwotokòl sou pye pou redui risk pou moun ki konsène yo (pa egzanp baryè fizik yo, kachnen oswa lòt PPE, redui kantite tan peryòd yo dire, vantilasyon/filtrasyon lè).
 - Nan mezi sa aplikab, atis/talan yo dwe rete nan yon distans sis pye, oswa dwe gen yon baryè fizik apwopriye ki separe yo, de lòt atis/talan yo pandan pèfòmans yo. Anplis, atis/talan ki pa mete yon kachnen pandan pèfòmans yo (pa egzanp lè y ap chante) oswa k ap jwen yon enstriman a van, bras, oswa lòt enstriman ki mande pou yo respire ladan yo ta dwe gen yon distans 12 pye oswa yon baryè fizik apwopriye ki separe yo de lòt atis yo epi, jan sa posib, youn pa dwe dirèkteman an fas lòt (pa egzanp manm djaz yo, òkès yo, koral yo, panelis yo).

- Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo ak anplwaye evènman yo ki an kontak pwòch oswa dirèk ak atis/talan ki pa mete kachnen yo (pa egzanp kwafè/ez, mayikè/ez, responsab degizman yo, teknisyen son yo) mete yon kachnen ki akseptab ansanm ak PPE anplis, tankou yon ekran fasyal oswa pwoteksyon pou zye yo (pa egzanp linèt pwoteksyon yo), pandan tout dire aktivite ki mande pou yo rete pwòch la. Tout anplwaye ak anplwaye evènman yo ta dwe mete gan nan men yo oswa swiv konsiy ijyèn pou men yo avan ak apre yo fin fè aktivite sa yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke gen yon distans omwen 12 pye, oswa gen baryè fizik apwopriye ki enstale, ant atis/talan yo ak nenpòt kliyan ki nan piblik la. Tou depan de dimansyon egzat espas evènman an, Pati Responsab yo ta dwe konsidere kite ant de oswa twa premye ranje syèj ki devan sèn lan vid pou respekte egzijans sa a. Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo ak kliyan yo rete nan yon distans omwen sis pye toutan, eksepte kliyan ki se manm menm gwoup/fwaye/fanmi, sof si sekirite oswa aktivite prensipal la mande pou gen mwens distans (pa egzanp, plasè yo, sekirite).
 - Nan nenpòt kote anplwaye yo ak kliyan ap entèraji souvan epi li pa posib pou gen yon distans sis pye ant anplwaye yo ak kliyan yo, Pati Responsab yo dwe mete baryè fizik ant anplwaye yo ak kliyan yo (pa egzanp, nan kyòsk tikè yo, kès yo, konsesyon yo, estasyon pou pran tikè yo).
 - Si yo itilize yo, yo dwe mete baryè fizik yo an plas annakò ak direktiv OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, kabin, pleksiglas oswa materyèl parèy yo, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout kliyan yo rete nan yon distans omwen sis pye youn de lòt toutan, eksepte moun ki se manm menm gwoup/fwaye/fanmi.
 - Kote sa pratik, Pati Responsab yo ta dwe rekòmande ke moun ki nan diferan gwoup/fwaye/fanmi yo rete nan yon distans ki plis pase sis pye (pa egzanp uit a nèf pye). Egzijans distans ki plis pase sis pye yo pral ede Pati Responsab yo asire plis kontwòl sou deplasman nan espas evènman an epi ede asire konfòmite ak aplikasyon direktiv sa a.
 - Pati Responsab yo dwe asire kliyan yo ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi rete nan distans apwopriye lè yo nan nenpòt espas kote moun ka rasanble an gwoup (pa egzanp espas pakin yo, liy/espas datant yo, pwen antre/sòti yo, lòbi yo, salon yo, espas vizyalizasyon yo).
 - Pati Responsab yo dwe tabli pwotokòl presi pou espas evènman an pou yo ka asire ke kliyan ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi yo rete nan distans apwopriye lè yo ap pakin (si sa aplikab), antre, enskri, nan entèmasyon/poz yo, ak lè y ap sòti (pa egzanp, ouvri ase pwen dantre, deplwaye plasè yo pou oryante sikilasyon, itilize vag tanporèl pou fè moun antre ak/oswa asiyen pötay yo, chanje espas pakin yo pou kite plis espas ant machin yo).
 - Pati Responsab yo ta dwe dekouraje nenpòt kontak fizik ki pa nesèsè ant kliyan yo ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi.
- Pou pèfòmans ak evènman ki gen espektatè ki chita yo:
 - Pati Responsab yo dwe elabore yon aranjman pou espektatè yo chita ki asire kliyan yo chita nan yon distans omwen sis pye de lòt kliyan ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi avèk yo. Kote sa pratik, plan sa yo ta dwe konsidere kite distans ki plis pase sis pye (pa egzanp uit a nèf pye) ant gwoup/fwaye/fanmi yo.

- Pati Responsab yo dwe respekte egzijans ki annapre la yo lè y ap mete moun chita:
 - Pati Responsab yo dwe egzije kliyan yo pou yo fè rezèvasyon epi make syèj kliyan yo kòm rezève avan oswa apre yo antre nan espas evènman an pou asire yo respekte egzijans kapasite ak distans yo.
 - Anndan yon ranje, Pati Responsab yo dwe limite espas pou moun chita nan fason pou gen omwen de syèj vid ant chak gwoup kliyan yo sof si espas evènman gen syèj ki natirèlman gen yon distans sis pye ant syèj yo.
 - Pati Responsab yo dwe limite espas pou moun chita ki gen aranjman tradisyonèl yo nan fason pou gen yon ranje vid ant chak ranje yo sof si espas evènman natirèlman kite yon distans sis pye ant ranje yo (pa egzanp chèz deplasab yo, gwo chèz enklinab yo).
 - Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo pou yo rete chita lè evènman an kòmanse, sof si kliyan yo ap deplase pou yo al nan twalèt, y al achte oswa y al pran atik nan zòn konsesyon oswa magazen (yo), oswa y ap kite espas evènman an. Yo entèdi kliyan yo ret pwomennen nan espas kolektif yo.
 - Kote sa pratik, Pati Responsab yo ta dwe redui kantite gwoup ki gen nan chak ranje pou evite kontak pwòch lè moun yo ap kite chèz yo pou y al nan twalèt la oswa pou y al nan zòn konsesyon oswa magazen (yo).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke gen yon distans 12 pye oswa yon baryè fizik apwopriye ant kliyan yo ak sèn lan oswa espas kote atis/talan yo ap pèfòme a.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere mete syèj yo disponib an ti gwoup oswa "blòk" ki pèmèt manm ki nan menm gwoup/fwaye/fanmi yo chita ansanm epi rete nan yon distans apwopriye de lòt gwoup kliyan yo.
 - Kote sa aplikab, swit oswa tribin rezève yo dwe gen limit presi sou kantite kliyan ki ka genyen ladan yo nan fason pou gen distans apwopriye ant kliyan ki ka pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi yo (pa egzanp, mwens pase 10 moun oswa 25% kapasite maksimòm espas sa a).
 - Pou espas evènman ki gen chèz ak tab yo, Pati Responsab yo dwe swiv egzijans aranjman syèj ki preskri nan "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Manje yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) oswa, jan sa aplikab, "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Manje Vil New York ki nan Espas Anndan yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for New York City Indoor Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la, prezizeman:
 - Pati Responsab yo dwe asire gen yon distans sis pye ominimòm nan tout direksyon ki separe tab ak chèz pou kliyan yo chita anndan ak deyò yo. Kèlkeswa kote li pa posib pou kite distans sa a ant tab yo, Pati Responsab yo dwe enstale baryè fizik ant tab sa yo. Baryè fizik yo dwe omwen senk pye wotè epi yo pa dwe bloke sòti ijans ak/oswa dife yo.
 - Pati Responsab yo ka fè yon kantite noun chita sou yon sèl tab jan tab la pèmèt sa, avèk yo kantite maksimòm 10 moun pou chak tab.

- Yo sèlman otorize tab kominotè yo kote plizyè gwoup kliyan ka chita sou menm tab ki laj si ka gen yon distans omwen sis pye ant gwoup yo oswa si yo enstale baryè fizik ant gwoup yo.
 - Pati Responsab yo ka kite kliyan yo chita nan espas devan bar yo, depi yo ka kite yon distans omwen sis pye ant gwoup yo (sa vle di gwoup kliyan yo) oswa yo enstale baryè fizik apwopriye; depi, toutfwa, pou espas evènman nan Vil New York, yo ka ofri sèvis ak aranjman syèj devan bar sa yo sèlman si tout patisipan yo te montre prèv rezilta yon tès dyagnostik resan ki negatif oswa prèv ke yo te pran tout dòz vaksen an, jan yo dekri anba la.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye k ap travay nan espas bar la yo rete nan yon distans omwen sis pye youn de lòt ak/oswa de kliyan yo, nenpòt lè sa posib.
- Pou pèfòmans ki gen espektatè ki kanpe yo:
 - Pati Responsab yo dwe elabore yon aranjman pou espektatè yo kanpe (pa egzanp plan, konfigirasyon) ki asire kliyan yo rete nan yon distans ki plis pase sis pye (pa egzanp, uit a nèf pye) toutan; dwe gen distans sa ant tout anplwaye yo ak tout kliyan yo, eksepte kliyan ki se manm menm gwoup/fwaye/fanmi yo, sof si sekirite oswa aktivite prensipal la mande pou gen mwens distans ant yo (pa egzanp, plasè yo, sekirite).
 - Nan moman piblikasyon direktiv sa a, pèfòmans anndan avèk espektatè ki kanpe yo rete entèdi eksepte kèk eksepsyon jan yo dekri anba la nan Seksyon I an. "Moun yo", Souseksyon C. "Aktivite Operasyonèl."
 - Pati Responsab yo ta dwe elabore yon sistèm pou asire ke kliyan yo respekte, epi anplwaye oswa anplwaye evènman yo aplike, egzijans yo ki nan direktiv sa a, ki gen ladan men pa sèlman egzijans distans sosyal ak kachnen yo. Sistèm konfòmitè sa a dwe presize sanksyon y ap bay kliyan yo si yo ta vyole yo (pa egzanp, yo otorize bay yon avètisman pou mete kachnen avan yo mete moun deyò nan espas evènman).
 - Pati Responsab yo dwe gen ase anplwaye oswa anplwaye evènman an plas pou oryante oswa gide kliyan yo al nan syèj yo pou asire yo respekte egzijans distans sosyal yo ak evite nenpòt rasanbleman foul ki pa nesèsè.
 - Kote sa aplikab, nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo kite ase limyè limen nan espas evènman an pou kantite tan sa posib anvan pèfòmans lan oswa evènman an pou kliyan yo ka chita oswa ka al nan syèj yo ba yo a, pandan y ap respekte egzijans distans sosyal yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe dekouraje kliyan yo pou yo pa rasanble an foul deyò espas evènman an touswit avan oswa apre pèfòmans lan oswa evènman an, nan mezi sa pratik, epi yo dwe aplike yon plan sekirite pou dispèse moun ki rasanble deyò toupre espas evènman an epi k ap vyole egzijans distans sosyal yo.
 - Pou evènman ki mande pou sekirite tcheke sak yo oswa pou yo fè lòt enspeksyon sekirite nan atik pèsònèl yo, Pati Responsab yo ta dwe aplike yon restriksyon sou sak yo (pa egzanp entèdi gwo sak yo), oswa mande kliyan yo pou yo vin avèk atik yo nan sak transparan oswa moun ka wè sa ki ladan l pou liy moun k ap tann pou yo antre yo ka mache pi rapid epi evite anplwaye yo oswa anplwaye evènman yo gen kontak ak atik pèsònèl yo souvan; oswa mande kliyan yo pou yo pa vini avèk atik ki gwo.

- Pati Responsab yo ka konsidere fèmèn nenpòt espas kote plizyè moun ka chita ansanm nan espas evènman an (pa egzanp lòbi yo, salon yo), eksepte seksyon kote kliyan yo ap gade pèfòmans lan. Si espas sa yo ta rete ouvè, Pati Responsab yo dwe modifye fason yo ranje syèj yo (pa egzanp, ban yo, chèz yo, tab yo, kanape yo) pou asire ke kliyan yo oswa gwoup kliyan yo rete nan yon distans omwen sis pye nan tout direksyon (pa egzanp, lè youn akote lòt ak lè yo fas a fas).
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui sikilasyon a pye nan toude direksyon lè yo itilize tep oswa pano ak flèch nan ale ki etwat yo (pa egzanp ant de ranje syèj), koulwa yo, oswa espas yo, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas kominotè yo itilize souvan yo ak nenpòt espas ki gen liy moun k ap tann souvan oswa kote moun ka rasanble (pa egzanp, lòbi yo, twalèt yo, asansè yo, pwèn antre ak sòti yo, estasyon tikè yo, biyetri yo, estasyon depistaj sante yo).
 - Kote sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon nan yon sèl direksyon.
 - Pati Responsab yo dwe make zòn yo pou moun yo rete nan distans sis pye nan zòn ki konn gen anpil abouteyaj yo (pa egzanp, zòn ki gen syèj pataje nan lòbi yo, zòn konsesyon ak magazen yo).
 - Pati Responsab yo dwe konsidere mete pano ak makè deyò ak anndan espas evènman an pou kreye sikilasyon a pye nan yon sèl direksyon pou fasilite ak asire distans sosyal lè yo antre ak sòti, ansanm ak lè y ap travèse nenpòt espas kolektif kote gen anpil moun k ap pase yo.
- Pati Responsab yo pa dwe kite plis ke yon moun alafwa itilize ti espas piti yo (pa egzanp, asansè yo, zòn mekanik yo, sal kontwòl yo, dèyè kès anrejistrez yo, depo yo, kabin son yo), amwenske tout moun ki nan espas sa a an menm tan mete kachnen ki akseptab yo oswa ki nesèsè pou pwodiksyon oswa pèfòmans lan. Toutfwa, menm si yo mete kachnen pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun ki ka gen nan espas la omaksimòm, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ka itilize l alafwa. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt ak pòt), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe pran mezi anplis pou anpeche moun rasanble an foul kote y ap tann asansè yo ak limite kantite moun ki anndan asansè yo alafwa, tankou pèmèt ak ankouaje yo itilize eskalye yo.
- Pati Responsab yo ka modifye itilizasyon ak/oswa limite kantite espas travay yo ak espas kote anplwaye ak atis/talan yo chita (pa egzanp gichè, nan koulis), nan fason pou moun yo rete nan distans omwen sis pye youn de lòt nan tout direksyon (pa egzanp, lè youn akote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas travay yo san yo pa netwaye oubyen dezenfekte yo apre yo fin itilize yo, sof si moun yo se manm menm gwoup/fwaye/fanmi. Lè pa gen mwayen pou kite distans ant espas travay yo, Pati Responsab yo kapab enstale baryè fizik yo, (pa egzanp mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo p ap afekte sikilasyon lè, chofaj, klimatizasyon, oswa vantilasyon, oswa yo pa poze yon risk pou sante oswa sekirite nan lòt fason.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere asiye anplwaye yo ak anplwaye evènman yo an pè oswa an ti gwoup fiks (sa vle di, an kòwòt) pou limite kantite kontak pwòch oswa dirèk yo, kote sa posib, sitou pou anplwaye ki responsab antretyen ak netwayaj yo.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere itilize deseri zòn travay rezève anndan espas evènman an epi elabore yon sistèm k ap anpeche diferan depatman itilize menm espas travay la an menm tan. Pa egzanp, yon sistèm a kòd koulè oswa lòt endikatè vizib pou pèmèt yo idantifye zòn yo pi fasil epi ki bay anplwaye ak atis/talan yo aksè apwopriye ka ede mentni kapasite ak distans sosyal.

- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou nan espas evènman yo, ki konfòm ak afichaj DOH pibliye pou COVID-19 yo. Pati Responsab yo ka devlope epi itilize afichaj presi ki adapte pou espas oswa anviwònman travay yo, depi pano sa a konfòm ak afich Depatman an. Yo dwe itilize afich yo pou raple moun yo pou yo:
 - Rete lakay yo si yo santi yo malad.
 - Kouvri nen yo ak bouch yo ak yon kachnen toutan, eksepte pandan y ap manje oswa bwè nan syèj kote yo mete yo chita.
 - Respekte egzijans konsèy pou vwayaj DOH preskri yo.
 - Byen konsève epi, lè sa nesesè, jete PPE yo, ki gen ladan kachnen yo, kòmsadwa.
 - Respekte direktiv sou distans fizik yo.
 - Rapòte sentòm, oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak fason pou yo fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Swiv ijyèn respirasyon ak konsiy sou fason pou touse yo kòmsadwa.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Kote sa aplikab, Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn pou anplwaye yo oswa atis/talan yo, lè se pa aktivite pèfòmans oswa pwodiksyon an pèsòn yo ki mande sa (pa egzanp repetisyon, distribisyon/odisyon wòl yo, reyinyon anplwaye yo) nan tout mezi posib, epi yo ta dwe konsidere itilize lòt metòd tankou konferans nan videyo oswa telefòn nenpòt lè sa posib, annakò ak direktiv CDC preskri nan "Direktiv Pwovizwa pou Biznis ak Anplwayè yo Planifye ak Reponn a Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans nan videyo oswa telekonferans pa preferab oswa pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè rasanbleman oswa reyinyon yo nan espas ouvè, ki byen ayere epi asire ke moun yo rete nan distans sis pye youn de lòt pou respekte distans sosyal (pa egzanp, si gen chèz, kite espas ant chèz yo oswa kite yon chèz vid ant moun yo lè yo chita), eksepte nan kad pwotokòl distans sosyal ki dekri anwo a pou anplwaye yo ak atis/talan yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere fè distribisyon ak odisyon pou wòl yo a distans, nan mezi sa posib. Si yo fè yo an pèsòn:
 - Pati Responsab yo dwe kite ase tan ant chak randevou pou netwaye ak dezenfekte sifas ak ekipman pataje yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe asire ke atis k ap vin nan lokalite kote y ap fè distribisyon wòl yo ret tann nan veyikil pèsònèl yo oswa deyò etablisman oswa lokalite a jiskaske lè odisyon yo a rive.
 - Pati Responsab yo ta dwe asire yo respekte distans fizik pandan odisyon yo, menm lè gen plizyè moun k ap fè odisyon yo an menm tan, nan mezi sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire yo mete kachnen ki akseptab yo toutan, annakò ak dispozisyon yo ki nan direktiv sa a.

- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè yo mete limit sou kantite moun ki ka gen nan espas yo oswa fèmen enstalasyon ak espas kominotè ki pa esansyèl yo ki pa pèmèt yo respekte pwotokòl distans sosyal yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men oswa sèvyèt dezenfektan disponib toupre enstalasyon sa yo (pa egzanp, distribitè otomatik yo, estasyon kafe kominotè yo, sal poz yo, espas pou pran ti goute yo).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas mwayen pou respekte distans sosyal kòm sadwa nan ti espas yo, tankou nan twalèt yo ak sal poz yo, epi make afich ak elabore sistèm yo (pa egzanp, siyale lè espas yo okipe) pou redui kantite moun ki ka gen ladan yo lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan espas sa yo.
- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe aplike pi bon pratik pou itilize twalèt kominotè yo, ki gen ladan men pa sèlman:
 - enstale baryè fizik ant twalèt yo ak lavabo yo, si yo pa ka gen separasyon sis pye a ant yo (pa egzanp, fèmen lòt kabin twalèt oswa lavabo a pou moun pa itilize l);
 - itilize distribitè savon san kontak yo;
 - itilize distribitè papye ijyenik san kontak olye yo itilize sechwa a lè yo; epi
 - enstale afich apwopriye pou ankouraje restriksyon sou kantite moun ki ka gen nan twalèt yo ak pou yo rete a distans pandan y ap tann pou yo antre.
- Nan limit sa posib, Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou anplwaye yo ak atis/talan yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, distans sis pye) pou tout rasanbleman (pa egzanp, pandan poz kafe yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo).
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere fè nenpòt aktivite rechèch talan yo pou espas evènman oswa lokalite kote y ap fè pèfòmans yo jan sa posib oswa pratik vityèlman oswa a distans. Si anplwaye yo bezwen vwayaje an pèsòn pou y al verifiye yon espas evènman oswa lokalite pou fè pèfòmans, Pati Responsab yo ta dwe konseye yo fè rechèch yo an ti gwoup ki ka respekte distans sosyal, kote tout anplwaye yo dwe mete kachnen ki apwopriye, annakò ak dispozisyon yo ki nan direktiv sa a.
- Pati Responsab yo ta dwe limite kantite anplwaye ak/oswa atis/talan k ap vwayaje nan menm veyikil an menm tan pou zafè ki konsène pèfòmans oswa pwodiksyon yo pou pèmèt yo respekte limit kapasite ak distans yo.
 - Si gen plis pase yon moun nan yon machin, Pati Responsab yo dwe asire ke tout pasaje yo mete kachnen, epi ankouraje pasaje yo pou yo ouvri vit yo ak ogmante vantilasyon, nan mezi sa posib pou sekiite ak konfò chofè (yo) ak pasaje (yo).
 - Yo dwe netwaye machin ke Pati Responsab yo bay pou transpòte anplwaye yo ak/oswa atis/talan yo ak dezenfekte espas moun manyen souvan yo (pa egzanp, manch pòt yo, akoudwa yo, bouk senti yo, chèz yo, vit yo, ekran yo) avan yo itilize yo ak apre nenpòt chanjman chofè (yo) ak/oswa chak fwa moun antre-sòti nan machin lan.
 - Nan machin sa yo, dwe gen apwovizyonman dezenfektan pou men ak/oswa sèvyèt dezenfektan pou chofè (yo) ak pasaje (yo) itilize.

- Kote sa pratik, Pati Responsab yo ka ankouraje moun yo kondi pou kont yo oswa itilize tanspò prive, nan mezi sa posib.

C. Aktivite Operasyonèl

- Pou chak evènman, Pati Responsab espas evènman ki gen kapasite anndan oswa deyò ki ka kenbe 10,000 patisipan oswa plis yo, dwe soumèt detay evènman an bay DOH omwen 5 jou avan dat evènman an, epi detay sa yo dwe gen ladan men pa sèlman (1) enfòmasyon pou kontakte Pati Responsab yo, (2) non evènman an, (3) adrès evènman an, (4) dat ak lè evènman ap fèt la, (5) kantite tan yo estime evènman ap dire, (6) kantite espektatè yo prevwa, ak (7) kantite anplwaye yo prevwa ki pral travay nan evènman an, ki gen ladan anplwaye espas evènman an yo, kontraktè yo ak vandè yo. Si gen chanjman materyèl ki fèt nan detay evènman an, yo dwe soumèt yo ankò bay DOH.
 - Otorite Sante Eta ak/oswa lokal yo ka bezwen enspekte pèfòmans/evènman yo pou asire yo konfòm ak tout dispozisyon ki nan direktiv sa a.
- Pati Responsab ki gen espas evènman ki gen yon kapasite anndan ki ka kenbe ant 1,500 a 9,999 patisipan oswa deyò ant 2,500 a 9,999 patisipan dwe soumèt, pou chak evènman, detay evènman an bay departman sante konte oswa otorite sante piblik lokal respektif la omwen 5 jou avan dat evènman an, epi detay sa yo dwe gen ladan men pa sèlman (1) enfòmasyon pou kontakte Pati Responsab yo, (2) non evènman an, (3) adrès evènman an, (4) dat ak lè evènman ap fèt la, (5) kantite tan yo estime evènman ap dire, (6) kantite espektatè yo prevwa, ak (7) kantite anplwaye yo prevwa ki pral travay nan evènman an, ki gen ladan anplwaye espas evènman an yo, kontraktè yo ak vandè yo. Si gen yon chanjman materyèl ki fèt nan detay evènman an, yo dwe resoumèt yo bay departman sante konte a oswa otorite sante piblik lokal respektif la.
 - Otorite Sante Eta ak/oswa lokal yo ka bezwen enspekte pèfòmans/evènman yo pou asire yo konfòm ak tout dispozisyon ki nan direktiv sa a.
- Pou evènman k ap fèt anndan yo, Pati Responsab yo dwe asire ke yo bay tout patisipan yo chèz pou yo chita epi okenn patisipan pa rasanble an gwoup eksepte lè yo chita ak manm ki nan menm gwoup/fwaye/fanmi ak yo. Patisipan yo ta dwe kanpe sèlman lè li nesèsè (pa egzanp lè y ap antre/sòti, al nan twalèt, nan konsesyon, magazen), oswa nan kèk kondisyon limite yo otorize nan fason ki annapre la:
 - Pou espas evènman ki gen achitekti inik ki anpeche yo enstale syèj yo nan fason estab, oswa si lè yo ofri kliyan yo chèz pou yo chita, sa konpwomèt sekirite (pa egzanp elve oswa bese espas pou espektatè yo gade pèfòmans lan lè pa ka gen syèj tanporè ki ofri opsyon pou moun chita nan fason estab).
 - Pèfòmans san tikè ki lye yo, tankou chantè/ez soloyis yo, gwoup djaz yo, oswa lòt atis k ap pèfòme nan espas piblik yo. Pou pèfòmans san tikè ki lye yo, tankou chantè/ez soloyis yo, gwoup djaz yo, oswa lòt atis k ap pèfòme nan espas piblik yo, dwe fèt annakò ak direktiv DOH preskri nan "[Direktiv Pwovizwa pou Espas Evènman Pèfòmans Atistik ak Divètisman Piti ak Mwayen yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Small and Medium Scale Performing Arts and Entertainment Venues during the COVID-19 Public Health Emergency):
 - Pati Responsab yo dwe asire gen ase espas pou pèmèt patisipan yo rete nan yon distans ki plis pase sis pye (pa egzanp uit a nèf pye) ant patisipan ki manm menm gwoup/fwaye/fanmi, ak omwen 12 pye oswa mete yon baryè fizik apwopriye ant patisipan yo ak nenpòt atis/talan.

- Pati Responsab yo dwe asire ke espektatè ki kanpe pou yo gade pèfòmans lan yo estrikteman respekte distans sosyal.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke patisipan yo mete kachnen toutan lè yo kanpe epi yo ka retire kachnen yo pou yon ti tan sèlman pou yo manje ak bwè pandan yo chita.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere mete makè distans apwopriye yo ki montre espas ki plis pase sis pye yo pou asire patisipan yo respekte limit distans sosyal yo epi pou nenpòt patisipan k ap vini/prale oswa k ap pase ka deplase nan espas piblik yo san yo pa konpwomèt distans sosyal.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere kite ase anlwaye, ak anlwaye evènman oswa sekirite sou plas pou siveye debi sikilasyon yo ak pou asire ke gwoup yo respekte limit distans sosyal yo.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere òganize premye pwogramasyon y ap fè anndan espas evènman ki mande pou gen mwens anlwaye oswa atis/talan an pèsòn pou mizannèv yo (pa egzanp redui kantite dansè, akonpayman mizikal, kantite panelis yo) a mezi operasyon yo ap rekòmanse nan espas evènman yo ak pwodiksyon yo.
 - Kote sa pratik, Pati Responsab yo ka konsidere redui kantite tan premye pèfòmans yo dire.
 - Lè sa pratik, Pati Responsab yo ta dwe konsidere redui oswa elimine tan poz yo pou redui kantite deplasman san kontwòl kliyan yo fè nan espas evènman an.
 - Piske aktivite tankou chante, rele, pwojete vwa fò, oswa jwe enstriman a van yo poze plis risk ki ka potansyèlman lakoz plis pwodiksyon goutlèt respiratwa yo, Pati Responsab yo dwe konsidere fason pou yo redui kantite pwogramasyon ki ka pwodui anpil ayewosòl yo nan moman sa a oswa mete mezi rediksyon risk apwopriye yo sou pye (pa egzanp, kite plis espas ant moun yo, PPE, oswa tès).
 - Pati Responsab yo dwe redui patisipasyon espektatè yo lè yo egzije kliyan yo pou yo rete chita, oswa si yo kanpe, imobil lwen atis/talan an (eksepte lè y ap antre/sòti, al nan twalèt, al nan konsesyon ak/oswa magazen yo).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke tout anlwaye yo ak atis/talan yo resevwa fòmasyon sou sekirite, ijyèn men ak ijyèn respiratwa apwopriye, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo ki adapte pou COVID-19.
 - Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, gras a metòd tankou:
 - evite moun prezante an pèsòn eksepte sèlman manm anlwaye yo ki bezwen la pou reyalize, monte sèn, ak adapte yon pèfòmans oswa evènman an prezans espektatè;
 - chanje konsèp yo (pa egzanp, ekip A/B, dekale lè arive/depa yo pou anlwaye yo);
 - evite gen plizyè gwoup ak/oswa ekip travay menm kote lè w repati travay ki pwograme yo an echelon epi itilize afich ki endike zòn ki okipe yo (pa egzanp, ekip antretyen yo); ak/oswa

- elabore pwotokòl pou fè respekte distans sosyal pandan y ap itilize ekipman pataje yo, tankou telefòn yo ak radyo yo, ansanm mikwo yo, fotokopyè yo, enprimant yo, kès yo, ak pou yo netwaye ak dezenfekte ekipman pataje yo chak fwa yo fin itilize yo ak/oswa ankouraje moun k ap itilize yo pou yo mete gan jetab nan men yo.
- Kote sa aplikab, Pati Responsab yo dwe repati lè pèfòmans/evènman k ap fèt youn apre lòt yo an echelon epi kite ase tan ant pèfòmans/evènman yo pou evite foul moun rasanble nan sòti ak antre yo ak pou asire yo byen netwaye ak dezenfekte espas evènman apre evènman an fini.
- Pati Responsab yo ta dwe asire ke anplwaye yo ak atis/talan yo gen ase tan pandan jounen an pou yo netwaye ak dezenfekte materyèl ak ekipman yo detanzantan (pa egzanp enstriman yo, kamera yo, akseswa pou sèn yo, degizman yo, inifòm yo, perik yo).
- Nan moman sa a, Pati Responsab yo dwe entèdi tout entèraksyon kontak dirèk, pwòch ant kliyan yo ak atis/ talan (pa egzanp otograf yo).
- Kote sa apwopriye, Pati Responsab yo ta dwe konsidere fè atis/talan yo rive nan espas evènman "tou prè pou pèfòmans lan", nan mezi sa posib (pa egzanp yo deja penyen tèt yo, makiye, ak met rad yo depi lakay yo oswa pa mwayen enstriksyon a distans).
- Pati Responsab yo ta dwe fè efò pou mete tout atik jetab yo an fòma nimerik nan mezi sa posib (pa egzanp, tèks yo, fèy mizik yo, fèy prezans yo, fèy apèl yo, depliyasyon yo, afich yo). Si yo pa kapab mete yo nan fòma nimerik, materyèl enprime yo ta dwe fèt pou chak moun itilize pou kont yo epi yo pa dwe pataje yo.
- Pati Responsab yo ka ouvri espas sèvis manje anndan ak deyò yo swivan konfòmite estrik direktiv ki dekri nan "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Manje yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) oswa, jan sa aplikab, "[Direktiv Pwovizwa pou Sèvis Manje Vil New York ki nan Espas Anndan yo pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for New York City Indoor Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH la, pou tout restoran, bar, ak/oswa konsesyon ki nan espas evènman an, ki gen ladan nenpòt separasyon ki dwe genyen ant tab moun chita ak distans sosyal ant gwoup kliyan yo. Toutfwa, kèlkeswa kote direktiv sa a aplike nòm ki pi estrik yo, Pati Responsab yo dwe respekte direktiv sa a.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke kliyan yo ka sèlman manje ak bwè pandan yo chita.
 - Pati Responsab yo ta dwe entèdi fè pase manje/bwason yo de men an men pami kliyan ki pa nan menm gwoup/fwaye/fanmi (pa egzanp, pase yon goute de men an men nan yon ranje).
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere ofri sèvis manje ak bwason yo nan entèval tan dekale pou pèmèt kliyan yo kenbe distans sosyal pandan y ap tann nan liy yo.
 - Dapre direktiv ki dekri anwo a, Pati Responsab yo dwe sispann ofri manje ak bwason kote moun sèvi pwòp tèt yo (pa egzanp, kondiman yo, soda), epi kite se anplwaye yo sèlman ki pou sèvi moun manje ak bwason nan zòn konsesyon yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe ofri manje ak bwason yo sèvi nan veso ki anbale oswa ranpli davans, kote sa posib, epi asire ke yo pa pataje yo ant moun yo, eksepte manm ki nan menm gwoup/fwaye/fanmi.

- Pati Responsab yo dwe respekte nenpòt kouvrefe ki aplikab sou sèvis manje ak bwason yo; apati 2 avril 2021, sèvis manje ak bwason sa yo dwe sispann aktivite yo a 11:00 PM oplita.
- Pati Responsab yo dwe aplike pwotokòl sekirite yo pou asire ke espas evènman yo p ap itilize pou aktivite pèfòmans oswa evènman yo rete fèmèn pou kliyan pa antre pou entèdi rasanbleman deyò espas kontwole yo epi asire yo respekte pwotokòl distans sosyal yo nan tout espas evènman an.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pou pèfòmans ak evènman ki itilize tikè yo, Pati Responsab yo dwe asire ke tout kliyan yo gen tikè yo, pou yo ka jere restriksyon sou kapasite yo kòm sadwa, planifye ak kontwole depasman moun yo, ak anpeche rasanbleman ki pa nesèsè toupre pòtay antre/sòti yo.
- Nan mezi sa pratik, Pati Responsab yo ta dwe bay kliyan yo yon lè presi pou yo antre nan yon pòt dantre presi pou redui rasanbleman pandan moun ap antre, epi yo ta dwe kominike enfòmasyon sa a bay patisipan yo avan yo rive (pa egzanp mete kòd koulè nan tikè yo, enprime enfòmasyon an sou tikè yo, voye enfòmasyon an nan imel oswa mesaj tèks).
- Pati Responsab yo dwe ouvri ase pwen dantre/sòti yo nan espas evènman an pandan moun ap antre ak sòti pou yo ka redui rasanbleman. Pati Responsab yo dwe asire ke tout pwen dantre ki ouvri yo gen anplwaye pou kontwole depasman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke tout plasè yo, anplwaye yo, oswa anplwaye espas evènman parèy yo disponib pou yo dirije kliyan k ap sòti yo anvè pòtay ki pi pre a pou yo sòti.
- Pati Responsab yo dwe mentni ase anplwaye yo oswa anplwaye evènman yo (pa egzanp, sekirite, sèvis kliyantèl) sou plas pou yo siveye volim sikilasyon, limite kantite kliyan a kapasite yo otorize a, epi asire ke kliyan yo respekte distans sosyal ak restriksyon pou rasanbleman yo, sitou pandan y ap antre ak sòti.
- Pou pèfòmans ak evènman kote kantite patisipan yo pral depase limit sou rasanbleman sosyal yo, Pati Responsab yo dwe konsidere agrandi perimèt ak pòtay dantre yo pou ka gen plis espas pou valide jistifikatif idantite kliyan yo (pa egzanp, valide tikè, prèv rezilta tèz negatif oswa prèv vaksinasyon) epi trete jistifikatif kliyan yo pandan y ap antre pou redui rasanbleman.
- Pati Responsab yo dwe entèdi kliyan yo rasanble ak pwonmennen (pa egzanp, nan lòbi yo, zòn konsesyon yo) epi yo dwe gen ase anplwaye yo oswa anplwaye evènman yo sou plas, ki gen ladan anboche oswa deplwaye anplwaye anplis, pou yo ka anpeche kliyan yo rasanble ak pwonmennen.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (pa egzanp, deziyen yon pòtay pou moun yo k ap kite peryòd travay yo ak yon lòt pòtay apa pou moun k ap antre yo) ak depasman yo (pa egzanp, anplwaye yo ta dwe rete toupre espas travay yo toutotan sa posib).
 - Pati Responsab yo ta dwe make antre ak sòti yo apa yo deziyen yo byen klè, pou sikilasyon fèt nan yon sèl direksyon, kote sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe elabore yon plan pou moun rete nan yon distans omwen sis pye pou yo respekte distans sosyal pandan y ap tann anndan oswa deyò espas evènman an pou, jan sa aplikab, fè depistaj sante oswa pou yo bay prèv tèz dyagnostik oswa jistifikatif vaksinasyon obligatwa yo. Pati Responsab yo ka itilize makè vizyèl ak/oswa aparèy pou kontwole liy k ap tann yo (pa egzanp poto yo, makè pou make distans liy yo, flèch).

- Pati Responsab yo ta dwe reyaranje espas pou kliyan yo ret tann yo (pa egzanp liy datant yo, lòbi yo, espas pakin yo) pou maksimize distans sosyal pami kliyan yo epi redui entèraksyon ak lòt moun ki pa manm menm gwoup/fwaye/fanmi nan espas la.
- Pou evènman ki itilize tikè yo, Pati Responsab yo dwe asire ke kliyan yo kapab achte tikè yo alavans pou jere ak kontwole limit kapasite yo. Pati Responsab yo dwe bay opsyon san kontak pou tcheke tikè yo ak opsyon pou peye alavans (pa egzanp, pòtay anliy, aplikasyon mobil, apèl davans, kòmman pa lapòs oswa pou pase pran tikè a an pèsòn nan yon lè yo pwograme davans) ak itilize opsyon peman san kontak, jan sa disponib, pou redui manyen lajan kach, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil nan men kliyan yo, lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asiye syèj yo nan espas evènman an bay kliyan yo annakò avèk egzijans ki anwo yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou yo achte tikè yo alavans pou evènman an, nan tout mezi sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe mete makè vizyèl (pa egzanp kòn yo, makè yo, ak afich yo) pou make distans sis pye oswa plis nan espas kote moun fè liy pou vin pran tikè yo ak lòt kote yo fè liy ap tann yo nan espas evènman an.
 - Pati Responsab yo ta dwe redui posiblite pou manyen aparèy oswa objè pataje yo ant kliyan yo ak anplwaye espas evènman yo pandan y ap verifiye tikè yo (pa egzanp telefòn yo pou depane tikè nimerik yo).
 - Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou yo fè kòmman manje ak bwason yo davans oswa a distans (pa egzanp pa telefòn, an liy, nan aplikasyon, oswa lòt opsyon kòmman dijital) nan espas evènman an, epi mete atik yo disponib nan espas yo deziyen pou vin pran yo oswa ofri sèvis pou al pote l ba yo nan syèj kote yo chita oswa ofri opsyon livrezon pou kliyan yo.
- Pati Responsab yo dwe deziyen espas pou moun vin pran ak livre atik yo, k ap limite kontak nan mezi sa posib.
- Pou livrezon yo pote nan espas evènman yo, Pati Responsab yo ta dwe adopte yon sistèm livrezon san kontak kote chofè yo ka rete nan kab machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki apwopriye pou aktivite yo prevwa fè yo ki gen ladan, ominimòm, yon kachnen gratis pou anplwaye k ap fè livrezon yo pandan dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (egzanp, ki sòti nan men yon chofè livrezon) ekipman/materyèl/machandiz (egzanp, pratike ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik yo; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab yo dwe bay kliyan yo pwogram, depliyon, kat jewografik elatriye pou yo itilize yon sèl fwa oswa ki jetab, si yo itilize atik sa yo; epi mete atik sa yo disponib nan fason dijital pou moun ka wè yo sou aparèy elektwonik pèsònèl yo, lè l pratik pou fè sa a.
 - Si yo pa ka bay atik pou yo itilize yon sèl fwa yo, Pati Responsab yo dwe asire yo netwaye ak dezenfekte objè reyitilizab yo apre chak fwa yo itilize yo.

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo mete pwogram yo ak kat jewografik yo disponib nan fason dijital (pa egzanp, sou telefòn pòtab) lè sa posib, olye yo bay pwogram yo ak kat jewografik an papye.
- Pati Responsab yo dwe fèmen nenpòt espas ki gen syèj kolektif yo oswa nenpòt espas ki gen machandiz nan magazen yo kote moun pa ka kenbe distans sosyal.

II. ESPAS YO

A. Sistèm Tretman Lè ak Sistèm Batiman yo

Pou espas evènman ki gen espas anndan yo:

- Pati Responsab yo dwe asire filtrasyon sistèm HVAC bilding lan satisfè nivo filtrasyon ki pi eleve ki konpatib ak sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki enstale aktyèlman la, ominimòm MERV-13, oswa ekivalan endistri a oswa plis (pa egzanp, HEPA), jan sa aplikab, ak jan yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC sètifye, pwofesyonèl ASHRAE sètifye, pwofesyonèl remiz an sèvis sètifye, oswa enjenyè konstriksyon ki gen lisans pwofesyonèl New York te sètifye ak dokimante.
 - Epitou, Pati Responsab yo ta dwe konsidere adopte pwotokòl anplis sou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, sitou pou bilding ak sistèm tretman lè ki gen plis pase 15 ane yo, tankou:
 - Fè remiz an sèvis nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, ekilibre, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante debi vantilasyon yo ak vantilasyon lè ki soti deyò a nan mezi sa posib;
 - Kite sistèm yo mache pandan plis tan, sitou pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre te gen moun nan bilding lan;
 - Dezaktive vantilasyon ki kontwole sou demand, kote sa rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvri klapèt ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa anpeche lè a resikile nan mezi sa posib;
 - Sele bò filtè a pou limite pasaj derivasyon;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò moun ki nan espas la yo;
 - Enstale iradyasyon jèmisid ultravyolèt (UVGI-C, ultraviolet germicidal irradiation) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou espas evènman ki gen sistèm tretman lè santral ki pa ka trete nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa plis), Pati Responsab yo dwe gen yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC sètifye, pwofesyonèl ASHRAE sètifye, pwofesyonèl remiz an sèvis sètifye, oswa enjenyè konstriksyon ki gen lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè ki enstale aktyèlman la pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa plis) ak/oswa sistèm tretman lè a p ap ka fonksyone nan fason pou bay nivo minimòm chofaj ak

klimatizasyon ke li te konn bay nan lòt fason anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon filtrasyon wo nivo konsa (sa vle di, MERV-13 oswa plis).

- Anplis, Pati Responsab yo dwe konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou yo ka opere nan yon to filtrasyon ki pi piti ak pwotokòl anplis pou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè.
- Anplis de sa, Pati Responsab yo ki gen espas evènman ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa plis dwe adopte pwotokòl anplis pou rediksyon vantilasyon ak/oswa filtrasyon lè dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE](#) yo, ki gen ladan:
 - Fè remiz an sèvis nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, ekilibre, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante debi vantilasyon yo ak vantilasyon lè ki soti deyò a nan mezi sa posib;
 - Kite sistèm yo mache pandan plis tan, sitou pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre te gen moun nan bilding lan;
 - Dezaktive vantilasyon ki kontwole sou demand, kote sa rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre yo;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvri klapèt ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa anpeche lè a resikile nan mezi sa posib;
 - Sele bò filtè a pou limite pasaj derivasyon;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen ap fonksyone, epi ke filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo epi yo nan dire tan sèvis yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò moun ki nan espas la yo;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI-C, ultraviolet germicidal irradiation) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou espas evènman ki pa gen sistèm tretman lè santral yo, Pati Responsab yo dwe adopte pwotokòl anplis pou rediksyon vantilasyon ak filtrasyon lè dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE](#) yo, ki gen ladan:
 - Enspekte nenpòt sistèm vantilasyon sal yo regilyèman (pa egzanp, inite ki nan fenèt yo, inite ki nan mi yo) pou asire ke yo ap byen mache kòm sadwa, epi ke filtè yo byen enstale, yo fè sèvis ladan yo epi yo nan limit dire tan sèvis yo kòm sadwa;
 - Kite nenpòt sistèm vantilasyon sal yo mache pou plis tan, sitou pandan plizyè èdtan chak jou anvan ak apre te gen moun nan sal lan;
 - Konfigire sistèm vantilasyon sal yo nan fason pou maksimize konsomasyon lè fre, fikse vantilatè souflaj yo nan yon vitès ki ba epi mete yo lwen moun ki nan sal la nan mezi sa posib;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò moun ki nan espas la yo;
 - Fikse nenpòt vantilatè plafon pou rale lè k ap soti anlè a voye lwen moun ki nan sal la, si sa posib;
 - Bay vantilatè fenèt yo priyorite pou evakye lè anndan an lè sa posib;

- Evite itilize vantilatè ki sèlman resikle lè oswa sèlman soufle lè nan yon sal san yo pa evakye lè a tou; ak/oswa
- Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI-C, ultraviolet germicidal irradiation) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a yo; ak/oswa
- Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Anvan moun yo retounen nan yon espas evènman ki te fèmen nèt, Pati Responsab yo dwe fè verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou yo pou kapab asire yon anviwònman ki bon pou sante epi ki sekirize. Pami sistèm sa yo gen ladan, men pa sèlman, sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm HVAC yo.
 - Depandaman de kantite tan ki te pase depi lè ekipman yo te inaktif, Pati Responsab yo dwe lanse sistèm yo epi obsève yo ak anpil atansyon pou asire ke machin yo (pa egzanp, valv yo ak entèripte yo) ap fonksyone kòrèkteman.
 - Li ka nesèsè pou n pran mezi presi pou sistèm yo pou ka relanse sistèm yo apre yo te fèmen pandan lontan. Pati Responsab yo ka detèmine nesèsite pou chak atik sa yo baze sou dire tan yo te fèmen yo ak kondisyon yo lè yo enspekte yo.
 - Nan fason ki apwopriye ak aplikab, Pati Responsab yo ta dwe fè lè fre sikile anndan bilding lan baze sou konsèp/konpozisyon sistèm lè deyò a pandan omwen 24 èdtan.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo ranplase sistèm tretman lè yo jan sa nesèsè (pa egzanp, apre yo fin fè lè fre sikile anndan bilding lan).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo te fè antretyen ak siveyans ekipman klimatizasyon yo konfòmman a règleman eta yo epi ke nivo pwodui chimik ak mikwòb yo nan nivo ke yo te tabli pou nenpòt sistèm dlo ak/oswa enstalasyon dlo ki fèmen yo, epi vide nenpòt aparèy ki ta ka gen ma dlo dòmi ladan yo.
 - Pati Responsab yo dwe vide sistèm dlo frèt ak dlo cho yo konfòmman a plan jesyon dlo nan bilding lan, si sa aplikab.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo ranplase nenpòt sistèm tretman dlo jan sa nesèsè apre yo fin vide sistèm dlo bilding lan yo.
 - Pou bilding ki te fèmen nèt yo, Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo te retabli fonksyònman tout sistèm ak ekipman mekanik yo anvan yo reouvri bilding lan.

B. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- Pati Responsab yo dwe asire ke yo ap otorize anplwaye yo, atis/talan yo, ak kliyan yo antre nan espas evènman an sèlman si yo mete yon kachnen ki akseptab; depi moun sa yo gen plis pase dezan epi li pa gen pwoblèm medikal ki anpeche l tolere yon kachnen konsa.
 - Dapre Dekrè Egzekitif 202.34 la, jan yo te pwolonje li a, Pati Responsab yo gen dwa refize kite moun ki pa mete kachnen yo antre.

- Pati Responsab yo dwe asire ke tout moun, ki gen ladan anplwaye yo, atis/talan yo, ak kliyan yo, mete kachnen ki akseptab yo toutan lè yo anndan espas evènman an, eksepte otorizasyon nan lòt sikonstans jan yo otorize nan direktiv sa a (pa egzanp kliyan k ap manje oswa bwè pou yon ti tan pandan yo chita epi yo nan distans sosyal de lòt moun ki pa manm menm gwoup/fwaye/fanmi avèk yo, atis/talan k ap fè aktivite prensipal yo/k ap pèfòme yo).
 - Depi aktivite ak fonksyon prensipal yo (pa egzanp, vwayaj, gadwòb, cheve, makiyaj, ak pèfòmans) ka mande pou anplwaye yo ak/oswa atis/talan yo vin nan yon distans sis pye youn ak lòt, Pati Responsab yo dwe idantifye aktivite ak fonksyon sa yo, epi mete pwotokòl sou pye pou redui risk pou moun ki konsène yo (pa egzanp baryè fizik yo, kachnen oswa lòt PPE, redui kantite tan peryòd yo dire, vantilasyon/filtrasyon lè).
 - Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo ak anplwaye evènman yo ki an kontak pwòch oswa dirèk ak atis/talan ki pa mete kachnen yo (pa egzanp kwafè/ez, mayikè/ez, responsab degizman yo, teknisyen son yo) mete yon kachnen ki akseptab ansanm ak PPE anplis, tankou yon ekran fasyal oswa pwoteksyon pou zye yo (pa egzanp linèt pwoteksyon yo), pandan tout dire aktivite ki mande pou yo rete pwòch la. Tout anplwaye ak anplwaye evènman yo ta dwe mete gan nan men yo oswa swiv konsiy ijyèn pou men yo avan ak apre yo fin fè aktivite sa yo.
 - Nan mezi sa aplikab, atis/talan yo dwe rete nan yon distans sis pye, oswa dwe gen yon baryè fizik apwopriye ki separe yo, de lòt atis/talan yo pandan pèfòmans yo. Anplis, atis/talan ki pa mete yon kachnen pandan pèfòmans yo (pa egzanp lè y ap chante) oswa k ap jwen yon enstriman a van, bras, oswa lòt enstriman ki mande pou yo respire ladan yo ta dwe gen yon distans 12 pye oswa yon baryè fizik apwopriye ki separe yo de lòt atis yo epi, jan sa posib, youn pa dwe dirèkteman an fas lòt (pa egzanp manm djaz yo, òkès yo, koral yo, panelis yo).
 - Kote sa posib, mizisyen yo dwe mete mask pandan tout dire pèfòmans lan (pa egzanp piyano, gita, ak vyolonsèl).
- Pati Responsab yo dwe enstale baryè fizik yo ant espas travay kote anplwaye yo ap entèraji souvan ak lòt anplwaye, atis/talan, ak/oswa kliyan yo (pa egzanp kyòsk tikè, biyetri, estasyon depistaj sante yo) jan sa posib ak kote yo pa ka kenbe distans sosyal.
 - Jan yo sot dekri anwo a, si yo itilize baryè fizik yo (pa egzanp, pleksiglas oswa glas ki fèt ak materyèl parèy yo), yo dwe mete yo an plas annakò ak direktiv OSHA yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere mete baryè fizik oswa lòt opsyon distans pou evènman ki nòmalman mande pou atis/talan yo pèfòme nan distans trè pwòch youn ak lòt (pa egzanp òkès yo, gwoup djaz yo, koral yo, panelis yo).
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab, epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen ase apwovizyonman kachnen, mask ak lòt PPE nesèsè yo sou plas pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase youn.
 - Yo dwe netwaye oswa ranplase kachnen yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte direktiv (guidance) CDC preskri pou w jwenn plis enfòmasyon sou kachnen ki fèt an twal yo ak lòt kalite PPE yo, ansanm ak enstriksyon sou fason pou itilize yo ak netwaye yo.

- Sonje ke yo pa dwe konsidere kachnen ki fèt an twal yo ak mask jetab yo kòm kachnen ki akseptab pou fè aktivite nan espas travay yo ki mande pou gen plis pwoteksyon PPE akòz nati travay la. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA preskri pou ekipman sekirite sa yo.
- Pati Responsab yo dwe konseye anplwaye yo ak atis/talan yo pou yo netwaye oswa ranplase kachnen yo regilyèman si yo vin mouye oswa sal.
- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo ak atis/talan yo itilize pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye yo ak atis/talan yo vini avèk pwòp kachnen pa yo. Anplis, direktiv sa a pa dwe anpeche anplwaye yo mete pwòp kouch pwoteksyon yo genyen (pa egzanp, mask chirijikal yo, respiratè N95 yo).
 - Pati Responsab yo ka mande anplwaye yo ak atis/talan yo pou yo mete plis PPE pou pwoteje yo akòz nati travay yo. Anplwayè yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe bay anplwaye yo ak atis/talan yo fòmasyon sou fason pou yo mete, wete, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo kòm sadwa, sa gen ladan pami lòt, kachnen apwopriye.
- Pati Responsab yo dwe mete mezi sou pye pou limite pataj atik yo (pa egzanp, rejis depa yo, eskanè tikè yo); ansanm ak evite manyen sifas moun manyen souvan yo, tankou manch pòt yo, ekran taktil yo; oswa, mande anplwaye yo, atis/talan yo, ak kliyan yo pou yo mete gan (ki apwopriye pou metye a oswa gan medikal) lè yo an kontak ak atik pataje yo oswa sifas moun manyen souvan yo; oswa, egzije anplwaye yo, atis/talan yo, ak kliyan yo pou yo swiv konsiy ijyèn men yo anvan ak apre chak kontak.

C. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire yo respekte egzijans ijyèn ak netwayaj ak dezenfeksyon yo jan CDC ak DOH preskri yo, ki gen ladan "Direktiv pou Òganize Gran Evènman ak Gran Rasanbleman yo" (Guidance for Organizing Large Events and Gatherings), "Direktiv pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe rejis netwayaj yo ki gen dat, lè, ak pòte netwayaj ak dezenfeksyon an.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, nan fason ki annapre la:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k ap koule, ak sèvyèt papye jetab.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl nan espas kote enstalasyon pou lave men yo p ap ka disponib oswa pratik.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan espas kominotè ki gen nan espas evènman yo (pa egzanp, antre yo, sòti yo, lòbi yo, biwo sekirite/resepsyon yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan pou men san kontak kote sa posib.
 - Pati Responsab yo ta dwe mete pano toupre estasyon dezenfektan pou men yo ki endike ke yo dwe lave men ki vizibleman sal yo avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.

- Pati Responsab yo dwe mete veso toupitou nan espas evènman an pou jete atik sal yo, pami yo PPE yo.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou netwaye ak dezenfekte sifas ak objè moun pataje ak manyen souvan yo (pa egzanp, eskanè tikè yo, kès yo, mikwo yo, radyo yo, bawo apui yo, bouton asansè yo) epi ankouraje anplwaye ekip yo ak anplwaye yo ak anplwaye evènman yo pou yo itilize materyèl sa yo selon enstriksyon fabrikan yo, avan ak apre yo fin itilize objè ak sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon detanzantan nan espas evènman an ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize ak pou sifas yo manyen souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt ak anpil atansyon ak detanzantan epi yo ta dwe fèt omwen apre chak pèfòmans/evènman, chak jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Direktiv Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH la pou w jwenn plis enstriksyon sou fason pou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte twalèt yo detanzantan. Yo dwe netwaye ak dezenfekte twalèt yo omwen de fwa pa jou lè gen yon pèfòmans/evènman nan espas evènman an, oswa pi souvan tou depan de kantite fwa yo itilize yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize pano, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou redui kantite moun ki ka nan twalèt yo lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte tout espas pou atis/talan yo ak anplwaye yo (pa egzanp sal pou chanje rad, vestyè yo) nan fason apwopriye ak efikas apre chak pèfòmans oswa evènman.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte espas travay pataje yo (pa egzanp, biwo kontwòl yo) apre chak fwa yon anplwaye diferan fin itilize yo.
 - Pati Responsab yo dwe gen anplwaye, ke kliyan yo ka wè, ke yo deziyen pou netwaye ak dezenfekte espas kote anpil moun pase yo ak sifas anpil moun manyen yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman ak zouti ke anplwaye yo, ak atis/talan yo itilize yo regilyèman avèk dezenfektan legal yo. Konsilte [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi ke EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere bay chak moun aparèy pa yo pou yo kominike (pa egzanp walkie-talkie, radyo, mikwo) pou redui itilizasyon aparèy pataje yo. Yo ta dwe netwaye ak dezenfekte nenpòt ekipman sa yo kòm sadwa avan yo bay yo ak avan yo remèt yo.
 - Si pwodui pou netwaye oswa dezenfekte yo oswa si lè w netwaye ak dezenfekte sa lakòz danje oswa degrade ekipman an, zouti yo, oswa materyèl yo, Pati Responsab yo dwe mete anplasyon estasyon ijyèn men pou moun yo apre chak fwa yo itilize yo ak/oswa bay gan jetab ak/oswa limite kantite anplwaye k ap sèvi avèk ekipman, zouti, oswa lòt objè sa yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe asire ke tout degizman, inifòm, enstriman, ekipman mizik, perik, akseswa pou sèn yo, mikwo yo, ak lòt atik ki esansyèl pou dewoulman pèfòmans oswa evènman an pou

atis/talan yo asiye bay chak moun lè sa posib pou evite moun pataje objè yo, oswa omwen, netwaye ak dezenfekte yo apre chak fwa yon moun diferan itilize yo.

- Pati Responsab yo dwe asire yo netwaye ak dezenfekte regilyèman tout akseswa pou sèn yo, degizman, ak materyèl sèn yo kòm sadwa apre chak fwa yo fin itilize yo.
- Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo kolekte ak lave degizman oswa netwaye ak dezenfekte yo apre chak fwa yo fin itilize yo. Tout degizman ki pwòp yo dwe kachte nan sachè apa pou kont yo. Pati Responsab yo ka konsidere bay manm ekip pwodiksyon yo sachè pou met rad sal yo pou yo mete degizman ki sal yo ladan nan fason sekirite avan yo lave yo.
 - Pati Responsab yo dwe kolekte ak lave lenj yo, jan yo kapab, epi yo dwe ankouraje atis/talan yo pou yo depoze lenj sal yo nan panye yo deziyen yo san lòt moun pa manyen yo. Anplwaye yo k ap jere sèvyèt, lenj, ak lòt atik yo itilize oswa ki sal yo lè y ap lave yo ta dwe respekte prekosyon CDC yo: pa sekwe rad sal yo, mete gan jetab lè y ap manyen rad ak panye rad sal yo, itilize konfigirasyon dlo ki pi cho ki apwopriye annakò ak enstriksyon fabrikasyon preskri pou atik yo, netwaye ak dezenfekte panye rad sal yo apre chak itilizasyon, epi lave men yo ak savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl apre yo fin manyen rad sal ak retire ak jete gan yo.
- Pati Responsab yo dwe fè aranjman pou netwaye ak dezenfekte espas ki ekspozè yo si ta gen yon ka ki pozitif pou COVID-19 pami nenpòt moun ki nan oswa ki anndan espas evènman an, kote netwayaj ak dezenfeksyon sa ap genyen, ominimòm, tout espas toupre ke moun frekante anpil yo ak sifas moun manyen anpil yo (pa egzanp, syèj yo, kyòsk yo, asansè yo, sèn lan, objè pataje yo, twalèt yo, bawo apui yo, manch pòt yo).
- Direktiv CDC preskri pou "Netwaye ak dezenfekte Etablisman ou an" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa konfime gen yon moun ki gen COVID-19 nan fason ki annapre la yo:
 - Fèmen zòn moun yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la te itilize yo.
 - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ak fenèt ki bay sou deyò yo pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan pase avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si l pa posib pou w tann 24 èdtan pase, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo yo, twalèt yo, espas kominotè yo, ak ekipman pataje yo.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye yo ak atis/talan yo ki pa t gen kontak ni sere ni rapwoche avèk moun yo sispèk oswa konfime li gen COVID-19 la kapab retounen nan zòn travay la kou li fin netwaye ak dezenfekte.
 - Konsilte "Direktiv Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning

to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "dirèk oswa pwòch" yo.

- Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize espas evènman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte tout syèj yo (pa egzanp chèz yo ak bra chèz yo) apre chak pèfòmans oswa evènman, nan mezi sa posib.
- Pou aktivite ki mande pou manyen objè pataje (pa egzanp, aparèy peman yo, kès anrejistrez, kyòsk tikè yo), espas ak/oswa sifas yo (pa egzanp, pòt yo) lòt moun manyen yo, Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfekte objè ak espas sa yo chak jou, ominimòm.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pataje nenpòt atik pèsònèl (pa egzanp bidon dlo, ekipman, sèvyèt debèn, pwodui twalèt yo, rad) ak manje/bwason ant anplwaye yo ak atis/talan yo, sof si yo se manm menm gwoup/fwaye/fanmi.
- Pati Responsab yo ka asiye anplwaye pou fè netwayaj nan sèten espas anndan espas evènman an (pa egzanp, sou sèn (FOH), nan koulis (BOH), sal pou chanje rad yo, vestyè yo) pou limite kontaminasyon kwaze toupatou nan etablisman an.
- Pati Responsab yo ka konsidere oswa limite aksè a akseswa oswa enstalasyon kominotè ki gen nan espas evènman yo ki ka ogmante chans pou kliyan yo rasanble oswa risk pou plizyè espas moun manyen souvan, tankou olye yo mete kyòs depliyen pwomosyonèl yo deyò yo ka bay moun depliyen yo lè yo mande yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi anplwaye yo ak atis/talan yo pataje manje ak bwason (pa egzanp, manje ak bwason yo sèvi tèt yo pou kont yo) epi kite ase espas pou anplwaye yo ak atis/talan yo obsève distans sosyal lè y ap manje.
 - Pati Responsab yo ka ofri sèvis manje nan bifè yo, depi ke pa gen sèvis lib epi ke yo genyen sifizaman pèsònèl pou asire ke okenn anplwaye yo oswa atis/talan ki ap touche objè komen yo (pa egzanp, nan sèvi kiyè yo, kouvè yo) epi ke yo kenbe distans sosyal apwopriye.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere ofri manje ak bwason nan veso ki anbale davans pou redui pataj ant moun yo. Epi tou, si y ap ofri manje ak bwason, Pati Responsab yo ta dwe bay kouvè jetab ki anbale endividyèlman pou manje a.

D. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou yo ka rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite nan espas evènman yo oswa aktivite pèfòmans/evènman yo retounen nan nivo nòmal yo.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere revize tout règleman anilasyon tikè yo ak règleman ranbousman yo kòm sadwa pou ankouraje kliyan ki malad yo pou yo rete lakay yo.

E. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize epi yo konprann liy direktis yo ke Eta a preskri pou endistri a, epi y ap fè respekte yo.
- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye yo, atis/talan yo, ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay moun yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka konsidere devlope paj entènèt, gwoup tèks ak imèl, ak kont sou rezo sosyo yo.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo pou yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH preskri sou itilizasyon PPE, sitou pou kachnen yo, pa mwayen kominikasyon vèbal ak pano.
- Pati Responsab yo ta dwe mete pano anndan ak deyò espas evènman an pou raple moun yo pou yo respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon PPE yo kòm sadwa ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Pati Responsab yo dwe distribye dokiman ki byen klè bay kliyan yo sou prekosyon sekirite/sante yo, ki gen ladan yon anons avan evènman an pou dekri pwotokòl sekirite ak sante yo ki an vigè nan espas evènman an.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe egzije ak asire ke tout anplwaye ki anfas piblik yo, atis/talan yo, ak anplwaye ke fonksyon oswa wòl travay mande pou yo an kontak ak atis/talan ki gen plis pase dezan yo te resevwa rezilta yon tès dyagnostik negatif pou COVID-19 ki te fèt pa mwayen yon tès reyaksyon an chèn polimeraz (polymerase chain reaction, PCR) oswa lòt tès anplifikasyon nukleyik (nucleic acid amplification test, NAATs) ki gen pèfòmans sansiblite konparab ke yo te fè sou yon echantiyon (sa vle di prelevman) ke yo te kolekte nan lespas 72 èdtan avan lè kòmansman pèfòmans/evènman an epi ke Ajans Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini an oswa DOH otorize. Pati Responsab yo ka aksepte rezilta tès negatif pou COVID-19 ki te fèt pa mwayen yon tès antijèn ke FDA otorize, yo te fè sou yon echantiyon yo te kolekte nan lespas 6 èdtan avan lè kòmansman pèfòmans/evènman an.
 - Anplwaye yo ak atis/talan sa yo dwe prezante prèv rezilta yon tès dyagnostik negatif (pa egzanp, aplikasyon sou telefòn selilè, fòmilè papyè) bay anplwaye yo deziyen pou fè sa avan, oswa touswit apre yo rive nan pèfòmans/evènman an.
 - Kòm yon altènatif olye de egzijans tès la, anplwaye yo ak atis/talan yo dwe bay prèv ke yo te pran tout seri doz konplè vaksen kont COVID-19 yo omwen 14 jou avan dat pèfòmans/evènman an. Toutfwa, pandan DOH ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC) kontinye evalye efè vaksinasyon an genyen sou chans pou transmisyon COVID-19, yo toujou rekòmande fè tès dyagnostik yo, epi Pati Responsab yo ka chwazi egzije moun yo fè tès. DOH, an konsiltasyon ak CDC, pral kontinye siveye devlopman vaksinasyon yo epi revize direktiv yo kòm sadwa.
 - Jan yo dekri anwo a, sèten anplwaye yo ak atis/talan yo dwe fè tès pou COVID-19 pa mwayen yon tès dyagnostik avan yo al nan premye pèfòmans/evènman an epi yo dwe fè tès chak semèn apre pandan tout dire tan y ap travay aktivman nan espas pèfòmans/evènman yo. Kòm yon altènatif olye de egzijans tès la, anplwaye yo ak atis/talan sa yo dwe bay prèv ke yo te pran tout seri doz konplè vaksen kont COVID-19 yo omwen 14 jou avan dat pèfòmans/evènman an (yo).

- Pou tout pèfòmans ak evènman kote kantite patisipan pral depase limit pou rasanbleman sosyal la (sa vle di 100 patisipan anndan oswa 200 patisipan deyò), Pati Responsab yo dwe egzije ak asire ke tout kliyan ki gen plis pase dezan yo te resevwa rezilta yon tèst dyagnostik negatif pou COVID-19 ki te fèt pa mwayen yon tèst reyaksyon an chèn polimeraz (polymerase chain reaction, PCR) oswa lòt tèst anplifikasyon nikleyik (nucleic acid amplification test, NAATs) ki gen pèfòmans sansiblite konparab ke yo te fè sou yon echantiyon (sa vle di prelevman) ke yo te kolekte nan lespas 72 èdtan avan lè kòmansman pèfòmans/evènman an epi ke Ajans Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini an oswa DOH otorize. Pati Responsab yo ka aksepte rezilta tèst negatif pou COVID-19 ki te fèt pa mwayen yon tèst antijèn ke FDA otorize, yo te fè sou yon echantiyon yo te kolekte nan lespas 6 èdtan avan lè kòmansman pèfòmans/evènman.
 - Tout kliyan yo dwe montre prèv rezilta yon tèst dyagnostik negatif (pa egzanp, aplikasyon sou telefòn selilè, fòmilè papye) bay anplwaye yo deziyen pou fè sa avan, oswa touswit apre yo rive nan pèfòmans/evènman an.
 - Kòm yon altènatif olye de egzijans tèst la, kliyan yo dwe bay prèv ke yo te pran tout seri doz konplè vaksen kont COVID-19 yo omwen 14 jou avan dat pèfòmans/evènman an. Toutfwa, pandan DOH ak CDC kontinye evalye efè vaksinasyon an genyen sou chans pou transmisyon COVID-19, yo toujou rekòmande fè tèst dyagnostik yo, epi Pati Responsab yo ka chwazi egzije moun yo fè tèst. DOH, an konsiltasyon ak CDC, pral kontinye siveye devlopman vaksinasyon yo epi revize direktiv yo kòm sadwa.
- Pati Responsab yo ka ofri pou yo fè tèst antijèn FDA otorize yo pou moun yo jwenn rezilta echantiyon yo te kolekte nan lespas 6 èdtan avan pèfòmans evènman sou pwopriyete a; depi, toutfwa, tèst antijèn sa a dwe satisfè tout egzijans ak nòm DOH preskri yo ki gen ladan rapòte rezilta yo san pèdi tan nan Sistèm Rapò Laboratwa Klinik Elektwonik Depatman an (Electronic Clinical Laboratory Reporting System, ECLRS).
 - Pou minimize chans pou gen ekspozisyon pandan y ap tann pou fè tèst PCR, NAAT, oswa tèst antijèn yo, moun yo dwe siveye si yo gen sentòm COVID-19 yo, mete yon kachnen lè yo an piblik, kenbe distans sosyal, epi yo dwe evite rete pandan anpil tan an piblik, evite kontak ak etranje, epi evite gran anviwònman rasanbleman yo.
- Pati Responsab yo dwe refize kite antre nan espas evènman an, nenpòt anplwaye ki an fas piblik yo, atis/talan yo, anplwaye ke fonksyon oswa wòl travay yo mande pou yo an kontak pwòch ak atis/talan yo, oswa kliyan yo (nan evènman ki gen plis pase 100 patisipan anndan oswa 200 patisipan deyò) ki gen plis pase dezan epi ki pa montre rezilta yon tèst dyagnostik oswa prèv vaksinasyon, jan yo egzije anwo a.
 - Yo dwe retire nenpòt atis/talan oswa anplwaye ki resevwa rezilta yon tèst dyagnostik pozitif pou COVID-19 nan pèfòmans/evènman an jiskaske yo te konsilte otorite sante apwopriye yo epi yo te bay yo otorizasyon pou yo retounen nan travay.
 - Anplis, yo dwe refize kite nenpòt kliyan ki resevwa rezilta yon tèst dyagnostik pozitif pou COVID-19 antre nan pèfòmans/evènman an, ansanm ak nenpòt manm gwoup kliyan an ki ka te vin an kontak pwòch ak kliyan ki pozitif la nan lespas 10 jou ki sot pase la yo (pa egzanp, manm fanmi, moun k ap viv nan menm kay).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas depistaj sante obligatwa pou tout moun, ki gen ladan anplwaye yo ak atis/talan yo avan nenpòt aktivite pèfòmans atistik ak divètisman an pèsòn, ki gen ladan repetisyon ak pèfòmans/evènman yo. Yo rekòmande fè depistaj sa yo men yo pa obligatwa pou anplwaye k ap fè

livrezon yo. Pou tout evènman ki itilize tikè yo, Pati Responsab yo dwe mete an plas tou depistaj sante obligatwa pou kliyan yo, avan, oswa touswit apre yon rive nan espas evènman an.

- Yo ka fè depistaj sa yo a distans (pa egzanp, nan imel, nan telefòn, sondaj elektwonik, lè y ap achte tikè yo, pa mwayen pano), avan yo antre nan espas evènman an, nan mezi sa posib.
- Yo ta dwe kowòdone depistaj sa yo nan fason pou anpeche moun yo antre an kontak pwòch oswa dirèk youn ak lòt avan yo fin fè depistaj la. Nan kad depistaj sante a, Pati Responsab yo dwe egzije pou yo verifye tanperati yo pa mwayen tèmomèt san kontak oswa kamera tèmik pou tout kliyan ki gen tikè yo, anplwaye yo ak atis/talan yo. Yo dwe refize kite nenpòt moun ki gen yon tanperati 100.4° F oswa plis antre nan pèfòmans/evènman yo, ansanm ak nenpòt manm gwoup moun lan ki ka te vin an kontak pwòch ak kliyan ki fyevre a nan lespas 10 jou ki sot pase la yo (pa egzanp, manm fanmi, moun k ap viv nan menm kay).
 - Pati Responsab yo ka kite moun ki gen yon tanperati 100.4° F oswa plis premye fwa yo verifye tanperati yo pou yo mete yo akote liy depistaj la, ret tann kèk minit pou tanperati kò yo ka nòmalize, epi apresya pran tanperati yo yon dezyèm fwa ankò. Si dezyèm fwa yo pran tanperati a konfime rezilta premye fwa, yo dwe refize kite moun sa antre; toutfwa, si dezyèm fwa yo pran tanperati a pa bay yon tanperati ki 100.4° F oswa plis, ebyen yo ka kite kliyan an antre nan pèfòmans/evènman an.
 - Yo dwe verifye tanperati a annakò ak liy direktis Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (EEOC, Equal Employment Opportunity Commission) oswa direktiv DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante moun (pa egzanp, done tanperati presi yon moun), men yo otorize yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj ak rezilta tès depistaj sa yo (pa egzanp, reyisi/echwe, otorize/pa otorize), sof si moun nan te eksprime li ba yo otorizasyon pou yo fè sa.
- Ominimòm, depistaj la dwe itilize yon kesyonè pou detèmine si moun lan gen:
 - Sentòm COVID-19 yo; Genyen nenpòt sentòm COVID-19 yo aktyèlman oswa li te gen sentòm yo resaman (nan lespas 48 èdtan ki sot pase yo);
 - CDC konseye ke pami sentòm COVID-19 yo ka genyen lafyèv oswa frison, tous, souf kout oswa difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa kòfèmal, maltèt, vin pa ka pran gou oswa sant, malgòj, nen bouche oswa rim ap koule nan nen, kèplen oswa vomisman, oswa dyare; toutfwa, kèk nan sentòm sa yo ka rive akòz kondisyon medikal moun nan te gen deja, tankou alèji oswa migrèn, ke yon pratisyen medikal te dyagnostike yo genyen. Nan ka sa yo, moun yo ta dwe sèlman reponn "wi" si yo gen nouvo sentòm yo oswa sentòm yo vin pi grav.
 - Kontak COVID-19: Li te an kontak pwòch (oswa kontak dirèk jan otorite sante yo te detèmine) pandan 10 jou ki sot pase la yo avèk nenpòt moun ki te gen COVID-19 ke tès dyagnostik te konfime, oswa ke yo te sispèk baze sou sentòm yo;
 - DOH konseye ke kontak pwòch se nan yon distans sis pye de yon moun pandan 10 minit oswa plis pandan yon peryòd 24 èdtan, kòmanse nan 2 jou avan yo te devlope sentòm yo oswa si yo pa gen sentòm, 2 jou avan yo te fè tès la. (Kontak pwòch pa gen ladan moun ki travay nan yon anvivònman swen sante ki mete PPE nesèsè kòm sadwa.)
 - Eksepsyon sa pa dwe aplike pou moun ki (1) te vaksinen nèt kont COVID-19 – ke yo defini kòm 14 jou apre yo fin resevwa tout doz nan seri vaksen yo – nan lespas 90 jou ki sot pase yo oswa

(2) yo fin retabli yo nèt apre tès laboratwa te konfime ke yo gen COVID-19 nan lespas 3 mwa ki sot pase yo. (Olye yo rete an karantèn apre yo te an kontak pwòch, moun sa yo pral bezwen siveye si yo vin gen sentòm COVID-19 yo pandan 14 jou apre yo te ekspozé a viris la).

- Teste Pozitif pou COVID-19: Te teste pozitif pou COVID-19 apati yon tès dyagnostik nan 10 jou ki sot pase yo; ak/oswa
- Vwayaje Resaman: Te vwayaje vin nan Eta New York soti nan yon eta ki pa yon eta vwazen, yon teritwa Etazini, oswa yon peyi CDC mete nan nivo 2 nan konsèy pou vwayaj nan lespas 10 jou ki sot pase yo epi li pa te swiv konsèy pou vwayaj Eta a.
 - An vigè 1ye avril 2021, konsèy pou vwayaj Eta a pa egzije pou vwayajè lokal yo rete an karantèn ankò apre yo antre New York soti nan yon lòt Eta oswa teritwa Etazini. Egzijans CDC federal yo pou vwayajè entènasyonal rete an vigè.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo ak atis/talan, ak kliyan yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anwo a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm.
- Pati Responsab yo ta dwe kowòdone ak tout anplwaye yo ak anplwaye evènman ki nesèsè yo pou fasilite pwosesis depistaj la. Meyè pratik depistaj yo gen ladan:
 - Kominikasyon alavans pou di kliyan ki vin nan evènman ki itilize tikè yo ke yo p ap kapab antre nan espas evènman an si yo pa pase depistaj la, sa ki ka afekte lòt manm nan gwoup yo a si yo te an kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa yo te konfime ki gen COVID-19 la baze sou sentòm yo oswa sou rezilta tès pozitif.
 - Idantifye moun ki te ranpli ak pase kesyonè pou depistaj yo alavans.
 - Si konfigirasyon espas la ak bilding lan pèmèt sa, fè depistaj pou moun yo nan oswa toupre antre espas evènman an pou minimize enpak nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime ki gen COVID-19.
 - Kite ase espas pou moun yo ka respekte distans sosyal pandan yo nan liy ap tann pou fè tès depistaj la ak/oswa antre nan espas evènman an.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo pwoteje nenpòt anplwaye oswa anplwaye evènman k ap fè aktivite depistaj yo, ki gen ladan tcheke tanperati yo, kòm sadwa kont kontak a moun yo ki enfekte k ap antre nan espas evènman an. Anplwaye ki ap fè aktivite depistaj yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke anplwaye yo te idantifye kòm moun ki byen konnen pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA preskri yo.
 - Moun k ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kachnen oswa mask ki akseptab, epi sa ka gen ladan gan, yon blouz, linèt pwoteksyon, ak/oswa yon ekran fasyal.
- Pati Responsab yo dwe refize kite nenpòt kliyan ki pa pase kesyonè pou depistaj la oswa ki resevwa rezilta yon tès dyagnostik pozitif pou COVID-19, ansanm ak nenpòt manm nan gwoup kliyan an ki ka te an kontak pwòch ak kliyan sa a nan lespas 10 jou ki sot pase yo (pa egzanp, manm fanmi yo, moun k ap viv nan menm kay), antre nan espas pèfòmans/evènman an ki itilize tikè a.

- Kliyan yo pa kite antre paske yo pa pase kesyonè pou depistaj la oswa yo resevwa rezilta yon tèst dyagnostik pozitif dwe kontakte yon pwofesyonèl swen sante pou evalye yo ak, si sa apwopriye, fè tèst dyagnostik.
- Pati Responsab yo dwe refize kite nenpòt anplwaye yo ak atis/talan ki pa te pase kesyonè pou depistaj la oswa ki resevwa rezilta yon tèst dyagnostik pozitif pou COVID-19 antre nan espas evènman an. Yo dwe voye anplwaye oswa atis/talan sa yo lakay yo oswa nan yon lojman deziyen avèk enstriksyon pou yo kontakte yon pwofesyonèl swen sante pou evalye yo, epi si sa aplikab, fè tèst dyagnostik.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay atis/talan oswa anplwaye a enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe enfòmè depatman sante eta ak lokal la touswit sou ka si rezilta tèst dyagnostik yo pozitif pou COVID-19.
- Pati Responsab yo ta dwe konsilte "Direktiv Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) konsènan pwotokòl ak politik yo pou anplwaye ak atis/talan k ap chèche retounen nan travay apre ka COVID-19 ki sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye oswa atis/talan an te gen kontak dirèk oswa pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe chwazi youn oswa plizyè pwen kontak, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout kesyonè anplwaye yo, anplwaye evènman yo, ak atis/talan yo te ranpli yo epi yo dwe idantifye kontak sa tou kòm antite pou moun yo enfòmè si pi devan yo vin santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 yo, jan yo make nan kesyonè a.
 - Yo dwe prepare youn oswa plizyè pwen kontak santral yo te idantifye pou espas evènman an pou resevwa notifikasyon nan men moun yo sispèk oswa ka pozitif yo ak, an konsiltasyon ak sipèvizè sekirite sit la, pou yo kòmanse voye avi, kominikasyon, fè rechèch kontak, ak pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon respektif yo, jan sa aplikab pou sityasyon an.
- Pati Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite pou sit la k ap gen pami plizyè responsabilite, pou l asire yo kontinye respekte tout aspè plan sekirite ak direktiv pou espas la.
 - Lè yo enfòmè l ke yo konfime yon ka pozitif pou COVID-19 pa mwayen rezilta yon tèst dyagnostik pou yon moun ki aktyèlman anndan oswa ki te prezan nan espas evènman an, sipèvizè sekirite a dwe:
 - enfòmè depatman sante eta a ak lokal la ke yo konfime yon ka pozitif,
 - ede nan kad efò rechèch kontak yo pou idantifye kontak pwòch oswa dirèk yo ki ka bezwen rete an karantèn,
 - kominike ak moun yo konnen ki te ka an kontak ak ka ki pozitif la nan espas evènman an ke yo te rapòte yon ka pozitif, yo pral fè rechèch kontak, y ap avize kontak pwòch yo, epi y ap fè netwayaj ak dezenfeksyon anplis nan espas ki te ekspoze a, epi
 - deplwaye anplwaye oswa moun ki apwopriye pou netwaye ak dezenfekte espas ki te ekspoze a, annakò ak pwotokòl ki anwo a yo.

- Pati Responsab yo dwe kenbe yon rejis pou mete chak moun, ki gen ladan anplwaye yo ak atis/talan ki ka te an kontak pwòch oswa dirèk ak lòt moun ki nan espas evènman an; eksepte livrezon ki fèt ak PPE apwopriye, oswa pa mwayen san kontak yo ak kliyan ke Pati Responsab yo ap mentni prezans yo apa.
 - Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alètte si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe enfòmè depatman sante eta ak lokal la touswit lè yo mete yo okouran rezilta tèst pozitif pou COVID-19 pou yon moun ki aktyèlman anndan oswa ki te resaman nan espas evènman an.
- Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante eta ak lokal yo nan kad efò rechèch kontak yo lè yo idantifye moun nan espas evènman an yo ki ka te anndan, oswa bò kote, nan menm espas, oswa ozalantou menm lè ak moun ki pozitif la nan lespas 48 èdtan avan moun sa a te kòmanse santi sentòm COVID-19 yo oswa lè yo te kolekte echantiyon pou fè tèst dyagnostik la, kèlkeswa sa ki te fèt avan an. Efò rechèch kontak sa yo gen ladan revize enfòmasyon yo kolekte avan oswa pandan pèfòmans/evènman yo, tankou enfòmasyon sou pakin, dosye depistaj yo, ak anrejistreman videyo espas kominotè yo (pa egzanp, antre/sòti, lòbi yo).
 - Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Si yon atis/talan oswa yon anplwaye ki gen kontak pwòch ak atis/talan yo itilize yo resevwa rezilta pozitif pou yon tèst dyagnostik, Pati Responsab yo dwe asire ke ni repetisyon yo ni evènman/pèfòmans yo pa kontinye jiskaske yo fin fè rechèch kontak ak izole moun ki enfekte yo epi mete moun ki te an kontak yo an karantèn, an kowòdinasyon ak depatman sante eta a ak lokal yo, jan sa apwopriye.
 - Nan ka kote atis/talan yo oswa anplwaye yo ta montre sentòm COVID-19 yo pandan li nan espas evènman an, Pati Responsab yo dwe enfòmè moun ki nan espas (yo) ki ozalantou yo oswa ke yo te ka konsidere kòm yon kontak pwòch avèk enfòmasyon sou tout kote moun nan te ye nan espas evènman an epitou fè yo konnen si moun ki gen sentòm lan teste pozitif pou COVID-19 pa mwayen yon tèst dyagnostik.
- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou deplasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze a COVID-19 yo, sa gen ladan izòlman oswa karantèn, jan sa aplikab.
- Yo egzije atis/talan ak anplwaye ke yo enfòmè ki te an kontak pwòch oswa dirèk ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te enfòmè pa mwayen mekanis ki an plas pou rechèch kontak, swivi oswa lòt mekanis, pou yo fè anplwayè yo konnen pou kont yo ke yo te resevwa alèt la epi yo pral swiv pwotokòl ki dekri anwo a.
- Nan tout evènman ki itilize tikè yo, Pati Responsab yo dwe egzije chak kliyan (oswa si kliyan se yon minè, yon granmoun ki nan gwoup/fwayer/fanmi li) ki prezan pou yo bay enfòmasyon pou kontakte yo anvan oswa touswit lè yo rive nan pèfòmans/evènman, ki gen non konplè yo, dat nesans yo, adrès yo, ak nimewo telefòn yo oswa imel yo pou yo ka kontakte yo nan kad efò rechèch kontak potansyèl yo. Nan mezi sa pratik, enfòmasyon kliyan sa a dwe gen ladan syèj kote moun lan sipoze chita nan espas evènman pandan dire pèfòmans/evènman an.

- Yo ka fè pwosesis pou kolekte enfòmasyon kontak la pa nenpòt ki mwayen ke Pati Responsab yo tabli pou kolekte enfòmasyon kontak ki anwo a, ki gen ladan men pa sèlman: nan kote y ap achte tikè yo, pa mwayen aplikasyon nimerik oswa nan fòmilè papye, pa mwayen yon founisè tès/laboratwa espas evènman deziyen pou fè tès pou patisipan yo, oswa pa mwayen yon sistèm jesyon tikè.
- Pati Responsab yo dwe kenbe done enskripsyon ki dekri anwo a nan yon dosye pandan omwen 28 jou epi mete done sa yo disponib pou otorite sante Eta a oswa lokal yo lè yo mande. Pati Responsab yo pa bezwen kenbe prèv rezilta tès dyagnostik ki negatif moun te fè resaman oswa prèv vaksinasyon kont COVID-19 yo.

IV. PLAN ANPLWAYÈ YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou atis/talan yo ak anplwaye yo ka wè. Eta a te mete disponib yon modèl plan sekirite pou reyouvèti biznis yo pou gide pwopriyetè ak operatè biznis yo lè y ap elabore plan yo pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sitwèb Nouvo Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sitwèb Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sitwèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la pou COVID-19
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Itilize lyen ki anba la pou w afime ke ou te li ak konprann obligasyon ou genyen pou w fonksyone dapre direktiv sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>